ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№119-120 (22.527-22.528) ● 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 26, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**«Урысей Федерацэм Щэнхабзэм и илъэс щегъэкIуэкIыным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 22-м къыдигъэкIа Указ №375-р гъэзэщIэнымкIэ лэжьыпхъэхэм я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм дяпэкIэ нэхъри зегъэужьын мурадкIэ икIи «Урысей Федерацэм Щэнхабзэм и илъэс щегъэкIуэкIыным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 22-м къыдигъэкIа Указ №375-м ипкъ иткIэ, **унафэ сощI**:

1. 2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэм и илъэс щегъэкIуэкIыным зыхуэгъэхьэзырынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитет къыхэхын икIи абы хэтхэр къэщтэн мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын къызэгъэпэщакIуэ комитетым къызэрыхилъхьам тету, 2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэм и илъэс щегъэкIуэкIынымкIэ лэжьыпхъэхэм я планыр къищтэну.

3. Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм чэнджэщ етын апхуэдэ лэжьыгъэхэм я планхэр къащтэну.

4. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м*
*№98-УГ*

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа Указ №98-УГ-мкIэ къищтащ***

**2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэм и илъэс щегъэкIуэкIыным зыхуэгъэхьэзырынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым**

## ХЭТХЭР

**Къанокъуэ А. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и тхьэмадэщ)*

**Саенкэ Т. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ, зэгурыIуауэ)*

**Фырэ Р. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

**Хьэсанэ Р. ТI.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

**Амщокъуэ Ф. Къ.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**АфIэунэ А. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкIэ и министрыр

**Василенкэ А. А.** - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

**Вэрокъуэ В. Хь.** - Урысейм щэнхабзэмкIэ и фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Кинематографистхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр *(зэгурыIуауэ)*

**Къуэширокъуэ З. Къ.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

**КIэрэф М. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрыр

**Кладько И. Е.** - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

**Къумахуэ М. Л.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министрыр

**Мамий А. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрыр

**Мусуков А. ТI.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

**Пэнагуэ М. А.** - Тэрч муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» ассоциацэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

**Портэ Г. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр

**Семен П. Г.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр

**Тау П. Къ.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

**Темиржанов М. У.** - Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

**Темыркъан Б. Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Композиторхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр *(зэгурыIуауэ)*

**Тюбеев А. И.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

**Фырэ М. Д.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Театр лэжьакIуэхэм я союзым и правленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Щоджэн М. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыууэ щыIэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр

**Щхьэгъэпсо С. Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэм и унафэщIыр.

● КъБР-м и Парламентым

# Псалъэмакъ щхьэпэ

**КъБР-м и Парламентым и унафэщIхэмрэ фракцэхэм я Iэтащхьэхэмрэ вэсэмахуэ яIущIащ республикэ газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэм.**

- ДИ НОБЭРЕЙ зэхуэсым и къалэн нэхъыщхьэр дызыдэIэпыкъужурэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр нэхъыфI, нэхъ удэзыхьэх щIынырщ, - жиIащ зэIущIэр къызэIузыха икIи езыгъэкIуэкIа КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар**. - Абы къыхэкIыу сыхуейт къехьэкI-нехьэкI хэмылъу псалъэмакъ щхьэпэ екIуэкIыну, адэкIэ дызэлэжьынухэр IупщI хъун папщIэ.

Япэу псалъэ иратащ республикэ газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэм. Абыхэм зэпкърыхауэ и гугъу ящIащ зи унафэщI редакцэхэм я лэжьыгъэр зэрыубзыхуа щIыкIэм, къайхъулIэу къалъытэхэмрэ адэкIэ я мурадхэмрэ, зыIууэ лъэпощхьэпохэм. Iуэхур нэхъ къэзылъахъэхэм ящыщ зыуэ къыхагъэщащ махуэ къэс къыдэкI газетхэр щIэджыкIакIуэхэм и чэзум зэраIэрымыхьэр. Тхьэмахуэм, мазэм зэ фIэкIа ахэр щыхуамыхь, уеблэмэ IэмалыншагъэкIэ езыхэр кIуэуэ поштым къыщыщIахыж куэдрэ къохъу. Абы и зэранкIэ газетхэм Iэ тезыдзэхэм я бжыгъэм илъэс къэс кIэроху икIи ди республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм ятеухуа хъыбархэр цIыхухэм и чэзум яIэрыхьэркъым.

Редактор нэхъыщхьэхэм жаIахэм гупсэхуу едэIуа нэужь, КъБР-м и Парламентым и унафэщIхэмрэ фракцэхэм я Iэтащхьэхэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэри къаIуэтащ. Республикэ газетхэм я ехъулIэныгъэхэр къыхагъэщкIэрэ, ахэр къыпекIуэкIакъым зыхунэмысауэ къалъытэхэми. Апхуэдэхэм ящыщщ языныкъуэ тхыгъэхэм Iуэхур кууэ щызэпкърымыхауэ зэрыщытыр, щIэщыгъуагъ зэрахэмылъыр, цIыхухэр нэхъ зыгъэпIейтей унэтIыныгъэ куэдым (псом хуэмыдэу ЖКХ-м ехьэлIахэм) нэгъэсауэ гу зэрылъамытэр, щIэджыкIакIуэхэм зэпыщIэныгъэ быдэ зэрыхуамыIэжыр.

КъБР-м цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** зи унафэщI IэнатIэм зэрыщыту Iуэхур зэрыщыубзыхуам, нобэкIэ зэлэжьхэмрэ я мурадхэмрэ зыубгъуауэ тепсэлъыхьащ. Парламентархэм къаIэта упщIэхэми абы жэуап яритащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэгъэув IэнатIэм и унафэщIхэмрэ фракцэхэм я Iэтащхьэхэмрэ нэмыщI, зэIущIэм жыджэру хэтащ икIи я Iуэху еплъыкIэхэр щыжаIащ Парламентым и Тхьэмадэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэт **Жыджэт Александррэ** ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ комитетым и пашэ **Хьэщхъуэжь Татьянэрэ**.

Псалъэмакъ щхьэпэм кърихьэлIат Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и лIыкIуэу Парламентымрэ суд IэнатIэхэмрэ щыIэ **ДыщэкI Мадинэрэ** Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ**.

**ЖЫЛАСЭ Зэурбэч.**

## Ди къуэш республикэхэм

### ЯдэIэпыкъун хуей хъуакъым

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Мейкъуапэ щIыналъэм хыхьэ жылагъуищым дэт псэупIэ унэ 53-м псыдзэр ящIэуащ.***

ЦIЫХУХЭР ягъэIэпхъуэн хуей хъуакъым. ХэкIуэда, лей зытехьа щыIакъым.

Псыдзэр зыщIэуа щIыпIэхэм къегъэлакIуэ гупхэр щолажьэ. ЩытыкIэр зезыгъакIуэ штабхэр УФ-м и МЧС-м и Ипщэ центрым АдыгеймкIэ и управленэм къыщызэIуахащ.

### Тыркум и консулым IуощIэ

***Республикэм и Iэтащхьэр хуэзащ Тыркум и консул нэхъыщхьэу Новороссийск щыIэ Пехливан Сунн Бесте.***

ЛЪЭНЫКЪУИТIЫМ къызэрыхагъэщащи, я иджырей зэIущIэр щызэрыцIыху зэхыхьэщ, ауэ абы къыдэкIуэу ахэр тепсэлъыхьащ къэкIуэнум щызэдэлэжьэну унэтыныгъэхэм.

Къыхэдгъэщынщи, Пехливан Сунн Бесте Тыркум и хэщIапIэ нэхъыщхьэу 2012 гъэм и жэпуэгъуэм лъандэрэ Новороссийск щыIэм щолажьэ. Абы и нэIэ тетщ я лъахэгъухэм ядэIэпыкъуным, экономикэ, щэнхабзэ, политикэ зэпыщIэныгъэхэр Ростов областым, Краснодар краймрэ Адыгеймрэ щызэтеухуэным. Иджы япэу Мейкъуапэ къэкIуауэ аращ.

ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий Тыркум и хьэрычэтыщIэхэмрэ адыгэ диаспорэмрэ къуэд щIауэ зэныбжьэгъугъэ зэпыщIэныгъэхэр зэрыхуаIэм къытеувыIащ. Ди хэкуэгъухэм - мелуан бжыгъэ щопсэу - я хэщIапIэ нэхъ ин здэщыIэ къэралу Тыркур къызэралъытэри къыхигъэщащ.

ХьэщIэм жиIащ лъэныкъуитIым я сату зэпыщIэныгъэм зегъэужьыныр, щэнхабзэ, щIэныгъэ IэнатIэхэм щызэдэлэжьэныр Тыркум дежкIэ мыхьэнэ иIэу зэрыщытыр.

### Махуэ 25-м къриубыдэу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм щхьэмыж гъавэр къехьэлIэжыным дызэрыт мазэм и кIэм щыщIадзэнущ. Уэшхыр зэран къахуэмыхъумэ, лэжьэгъуэ махуэ 25-м ар и кIэм нагъэсынущ.***

КъШР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм мы гъэм сэгъуэр зэрекIуэкIар щызэхалъхьэжащ, гъавэр Iухыжыным-кIэ къалэнхэр яубзыхуащ. МэкъумэшыщIэхэм я мурадщ гъавэ къехьэлIэжыным мыгувэу щIадзэну. Псори зэхэту бжыхьэсэ, гъатхасэ гуэдзымрэ хьэмрэ гектар мин 40,5-м щызэщIакъуэжынущ. Абы елэжьынущ республикэм и зэрыIуахыж комбайни 133-рэ, гъунэгъу щIыналъэхэм яйуэ 40.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

● ПсэупIэ

## Фэтэр 600-м щIигъу

**Мазитху кIуам Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелардрэ мелуан 504,1-рэ и уасэ ухуэныгъэ щрагъэкIуэкIащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ проценти 3-кIэ нэхъыбэщ.**

УНАГЪУЭХЭРИ хэту, организацэ лIэужьыгъуэ псоми метр зэбгъузэнатIэ мин 54-рэ хъу фэтэрыщIэу 469-рэ яухуащ. Ар 2012 гъэм и щIышылэ-накъыгъэ мазэхэм яхузэфIэкIам процент 1,1-кIэ щIегъу. Метр зэбгъузэнатIэ мин 18,7-рэ къикIыу фэтэри 150-рэ къуажэхэм щаухуащ.

ПсэупIэхэм я нэхъыбэр - метр зэбгъузэнатIэ мин 44,8-р - езы цIыхухэм ящIащ. Ар мазитхум ятам и процент 82,9-рэ мэхъу.

**БАЛЪКЪЭР Иналыкъуэ.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### Псыдзэ шынагъуэм и Iэужьхэр

**Краснодар крайм насыпыншагъэ ин къыщыхъуащ.**

Уэшхышхуэ нэужьым мыбы псыдзэхэр къыщыукъубеящ. ЗэкIэ къызэратамкIэ, цIыхуи 105-рэ хэкIуэдащ. Абыхэм я нэхъыбэ дыдэр - 96-р - Крымск щIыналъэм щыщщ. ПщIыхэм фэбжьхэр ягъуэтащ. ХэщIыныгъэхэр сом мелардым щIигъу и уасэу къалъытэ.

Къулейсызыгъэр ялъэIэсащ тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм Iус жылагъуэхэм, къалэшхуэхэу Геленджикрэ Новороссийскрэ. Псом хуэмыдэу щытыкIэр щыхьэлъэщ Крымск къалэм. Абы щIэуащ метри 7 зи лъагагъ псыдзэр. ХэкIуэдахэм ящыщ куэдыр зи ныбжь хэкIуэта лIыжьхэмрэ фызыжьхэмрэщ - ахэр къыщIэкIыфакъым зыщIэса унэхэм.

### 90 гъэхэр къыджьэхоуэж

**УФ-м и Президент Путин Владимир жиIащ ди къэралыр блэкIа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм зыхэхуауэ щыта демографие щытыкIэ хьэлъэм и Iэужьхэм иджыри IуууэнкIэ шынагъуэ зэрыщыIэр.**

Абы и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, урысейхэм къэкIуэну илъэс гъунэгъухэм щызыхащIэнущ цIыхур зэрымащIэм къишэ гугъуехьхэр.

Абы щыгъуэми Путин Владимир къелъытэ Iуэхур хуэмхуэмурэ зэтеувэжыну: нэгъабэ УФ-м сабийуэ къыщалъхум и куэдагъымкIэ Европэм и къэралхэм далъэщIыхьащ, сабийуэ лIэхэр иужь илъэсипщIым ди деж процент 50-кIэ нэхъ мащIэ щыхъуащ.

### Псоми къалъыхъуэ

**Журналистхэр хущIокъу ЦРУ-м и лэжьакIуэу щыта Сноуден Эдвард здэщыIэр зрагъэщIэну.**

Нэхъапэм къатащ ар Гонконг къилъэтыкIыу Москва къэкIуауэ. Апхуэдэу хъыбар Iуащ Сноуден Шереметьевэ аэропортым илъэтыкIыу Гаванэ лъэтауэ. АрщхьэкIэ абы къищэхуа тIысыпIэр нэщIу къыщIэкIащ.

США-м и къэрал-секретарь Керри Джон къилъытащ Сноуден хэкум епцIыжауэ икIи жиIащ «Китаймрэ Урысеймрэ мы Iуэхур къагъэсэбэпу щытмэ, хуабжьу и жагъуэ зэрыхъунур».

США-р хущIокъу американ тIасхьэщIэххэм я щэхухэр хэIущIыIу зэрищIам къыхэкIыу, Сноуден Эдвард судым ирытыну. Ар дэтхэнэми тезыру илъэси 10 хуэзэу IуэхугъуищкIэ ягъэкъуаншэ.

## НОБЭ

■**Наркоманием пэщIэтыным и дунейпсо махуэу** 1987 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къищта унафэмкIэ ягъэуващ.

■Илъэс 60 и пэкIэ (1953) и къулыкъу псоми трагъэкIри, ягъэтIысащ СССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ, къэралкIуэцI IуэхухэмкIэ и министр Берие Лаврентий. СССР-м и Суд Нэхъыщхьэм къищта унафэм ипкъ иткIэ, 1953 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м яукIащ.

■Мэкъуауэгъуэм и 26 - 28-хэм Женевэ (Швейцарие) щекIуэкIынущ Iэщэншэ зыщIыным егъэщIылIа IуэхухэмкIэ ЧэнджэщакIуэ советым и 60-нэ сессиер.

■1920 гъэм Налшык и Затишье хьэблэм къыщызэIуахащ ди лъахэм щыяпэ санаторэ. ИужькIэ къэралым и Iэтащхьэ хъуа Сталин Йосиф яхэтащ абы япэу зыщызыгъэпсэхуахэм.

■1938 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэр япэу хахащ.

■1938 гъэм къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ, режиссер **Абдокъуэ Маталио**.

■1966 гъэм къалъхуащ шэрджэс журналист **Туаршы Иринэ**.

**Зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Нэмыс пщIэмэ, уи щхьэщ зыхуэпщIыжыр.**

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

# КъБР-мрэ Индиемрэ зы гъуэгу тохьэ

**КъБКъУ-м иджыблагъэ щекIуэкIащ «Езанэ Урысей-Индие гъэмахуэ школ» зэгухьэныгъэм хэтхэм я зэIущIэ. Абы кърикIуа IуэхуфIхэм ящыщщ къэралхэм я студентхэр, аспирантхэр, IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр геофизикэ щIэныгъэ унэтIыныгъэмкIэ зэрызэдэлэжьэнур.**

ЗЭIУЩIЭР къызэзыгъэпэщахэм яхуэзащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Хьэсанэ Руслан**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Семэн Пщыкъан**, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Мусуков Алий** сымэ. Индием и лIыкIуэу зэIущIэм хэтащ хъыбарегъащIэ технологиехэмкIэ Индие институтым и проректор, Урысей-Индие гъэмахуэ школым и жэрдэмщIакIуэхэм ящыщ **Ваиш Абишек**, къызэгъэпэщакIуэ гупым хэт, IIIТ-А-м и профессор **Вармэ Ширшу**. ЗэIущIэм кърихьэлIащ ЩIым и физикэмкIэ РАН-м и институту Шмидт и цIэр зезыхьэм и унафэщIым дунейпсо проектхэмкIэ и дэIэпыкъуэгъу **Павлюковэ Еленэ**.

ЩIэныгъэм и унэтIыныгъэхэм ящыщу мыхьэнэшхуэ зиIэхэмкIэ КъБР-мрэ Индиемрэ зэрызэдэлажьэр гунэс щыхъуащ Хьэсанэ Руслан. Урысей-Индие гъэмахуэ школым хэтхэм ар ехъуэхъуащ лэжьыгъэ купщIафIэ зэфIахыну.

КъБКъУ-м и ректор **Къарэмырзэ Барэсбий** зэрыжиIамкIэ, гъэмахуэ школым и лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщыр ди еджапIэ нэхъыщхьэмрэ Москва дэт физико-техникэ институтымрэ я IэщIагъэлIхэрщ, РАН-м геофизикэмкIэ и институт пэрытхэр я гъусэу. Хамэ къэралхэм щыщ студент куэд хэтщ школым и лэжьыгъэм. ИнджылызыбзэкIэ екIуэкI зэIущIэм щытопсэлъыхь гуащIэ лъагэ зиIэ къэбжыныгъэхэм. Абы хэтын папщIэ Индием къикIащ студенти 9-рэ профессори 7-рэ. Абыхэм мылъкукIэ щIэгъэкъуэн яхуэхъуащ Индием щIэныгъэмрэ технологиехэмкIэ и министерствэр.

Школым екIуалIэхэм папщIэ КъБКъУ-м къыщызэрагъэпэщ лекцэхэр, практикэ дерс зэмылIэужьыгъуэхэр. ЗэIущIэм къыщагъэсэбэп Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыIэ компьютер нэхъ лъэщ дыдэр.

КъищынэмыщIауэ, хьэщIэхэм зыщрагъэплъыхьащ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ геофизикэ объектхэм. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Шэджэм псыкъелъэхэр, Iуащхьэмахуэ вулкан «жейр», Нарзан аузым щыIэ псы хущхъуэ къыщIэжыпIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Езанэ Урысей-Индие гъэмахуэ школым ипкъ иткIэ, КъБКъУ-мрэ IIIТ-А-мрэ хъыбарегъащIэ технологиехэм зэрыщызэдэлэжьэнум теухуа Меморандум къащтащ. Апхуэдэу абыхэм зэгъусэу ирагъэкIуэкIынущ а унэтIыныгъэм епха къэхутэныгъэхэр, КъБКъУ-м къыщызэрагъэпэщынущ Урысей-Индие инновацэ, Дунейпсо егъэджэныгъэ центрхэр.

Профессор Ваиш жиIащ КъБКъУ-м щекIуэкIа лекцэхэмрэ практикэ дерсхэмрэ хуабжьу купщIафIэу, щIэныгъэ лъабжьэшхуэ яIэу зэрыщытыр. Абы бысымхэм фIыщIэ яхуищIащ республикэм и геофизикэ щIыуэпс хьэлэмэтым нэIуасэ зэрыхуащIам щхьэкIэ. Ваиш къызэрилъытэмкIэ, КъБР-мрэ Индиемрэ я лъэпкъ щэнхабзэхэм зэщхьу хэлъ Iуэхугъуэхэри сэбэп хъунущ щIыналъитIым яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр ефIэкIуэным.

Гъэмахуэ школым и къыкIэлъыкIуэ зэхуэсыр щекIуэкIынур Индиерщ. Абы хэтынущ КъБКъУ-м, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыщ студент 15. Абыхэм я еджэнымрэ Индием зэрыщыIэнумрэ текIуэдэну мылъкур къыбгъэдэкIынущ IIIТ-А-м.

Къыхэгъэщыпхъэщ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэр Техникэ, экономикэ зэдэлэжьэныгъэхэмкIэ дунейпсо программэм (ITEC) 2003 гъэ лъандэрэ жыджэру зэрыхэтыр. Абы ипкъ иткIэ ди республикэм и къэрал, щIыпIэ къулыкъущIэу, экономикэм и IэщIагъэлI зэмылIэужьыгъуэу 40-м щIигъум я щIэныгъэм щыхагъэхъуащ Индием. КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм хамэ къэрал зэпыщIэныгъэхэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ **Щоджэн Заирэт** зэрыжиIамкIэ, дунейпсо программэм зэрыхэт илъэси 10-м къриубыдэу егъэджэныгъэр нэхъыбэу зэрекIуэкIар ИТ-технологиехэмкIэщ, финансхэмкIэщ, инджылызыбзэмкIэщ. Апхуэдэ егъэджэныгъэр щокIуэкI Дели, Нью-Дели, Хайдарабад, Нойд, Мумбаи къалэхэм дэт институтхэм. ЩIэныгъэ школхэм я лэжьыгъэм хэт ди лъахэгъухэм къыхагъэщ а еджапIэм щылажьэ профессорхэр гуапэу къазэрыхущытыр, апхуэдэуи Урысей консульствэмрэ Индием и Правительствэмрэ къыхуащI гулъытэр.

**КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.**

● Узэкъуэтмэ - улъэщщ

## Гузэвэгъуэ хэхуа ди лъэпкъэгъухэм дадэвгъэIэпыкъу!

**Сирие Хьэрып Республикэм щекIуэкI зауэм и зэран зэкIа ди лъэпкъэгъухэм защIэгъэкъуэн мурадкIэ, Урысей Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэ №8631-м счет хэха къыщызэIуахащ. Ди къуэш-шыпхъухэм ядэIэпыкъуну хуей дэтхэнэми мы счетым ахъшэ хилъхьэ хъунущ:**

**ИНН 0711040610 / КПП 072101001**
**Расчетный счет 40703810060330000227**
**БИК 040702660**
**Корсчет 30101810600000000660**
**Кабардино-Балкарское ОСБ №8631, г. Нальчик, ул. Пушкина/Кешокова, 33а/72**

**Адыгэ псори фыкъыхудоджэ: IуэхуфI влэжьыным фепIэщIэкI! Фи дэтхэнэ сомри иджыпсту дэхуэха ди лъэпкъэгъухэм сэбэп зэрахуэхъунум шэч къытевмыхьэ. Абыхэм дазэрыкъуэувэным, зэрызащIэдгъэкъуэным Iэмалу щыIэр къыхуэдвгъэгъэсэбэп! Ди нэхъыжьыфIхэм купщIэшхуэ халъхьащ «Узэкъуэтмэ - улъэщщ!» псалъэхэм.**



● Хъыбар гуапэ

## Кучинэ Марие псоми ятокIуэ

**Псори зэхэту очко 354,5-рэ къихьри, атлетикэ псынщIэмкIэ Европэм и чемпионатым щытекIуащ Урысейм и командэ къыхэхар. Апхуэдэ ехъулIэныгъэр зи фIыщIэхэм ящыщщ лъагагъым елъэнымкIэ дыщэ медалыр къэзыхьа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэ Кучинэ Марие.**

КIЭУХ ЗЭПЕУЭМ абы и ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэу щытащ Италием щыщ Трост Алессиерэ Польшэм къикIа Степанюк Камилэрэ. Ахэр метр 1,75-м щегъэжьауэ метр 1,92-м нэсыху зэрытемыгъакIуэу елъащ. Ауэ метр 1,95-м щхьэпрылъыфар Кучинэм и закъуэщ. Зэхьэзэхуэм дыщэ медалыр къыщызыхьа ди хъыджэбзым метр 1,98-м ирикури, абыи пэлъэщащ икIи езым и рекордыр зэуэ сантиметри 3-кIэ иригъэфIэкIуащ.

Илъэс 20 зи ныбжь Кучинэ Марие къэралым и командэ къыхэхам и спортсменкэ нэхъыщIэ дыдэхэм ящыщщ. Ар спортымкIэ дунейпсо класс зиIэ мастерщ, ныбжьыщIэхэм я дунейпсо чемпионатым, апхуэдэу ныбжьыщIэхэм я япэ Олимп зэхьэзэхуэу Сингапур щекIуэкIам щытекIуащ. Прохладнэ къалэм дэт сабий-ныбжьыщIэ спорт школым зыщигъэсащ. Иджыпсту абы долажьэ гъэсакIуэ Iэзэ Габрилян Геннадий.

**ГЪЭУНЭ Светланэ.**

## «Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ



*Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!*

**Фигу къыдогъэкIыж 2013 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.**

**Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 403-рэ кIэпIейкIэ 32-рэ.**

**«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.**

**Ди индексыр 51531**

● Жыжьэ - гъунэгъу





# Шэху уэздыгъэхэр нэхущщым къьоблэ

**ХьэтIохъущокъуэм и цIэр зезыхьэ Налшык жыг хадэм ит МафIэ мыужьыхым деж мэкъуауэгъуэм и 22-м и нэхущщым цIыху куэд щызэхуэсат.**

ПЭКIУР теухуат Хэку зауэшхуэм зэрыщIидзэрэ илъэс 72-рэ зэрырикъум. 1941 гъэм, мэкъуауэгъуэм и 22-м и пщэдджыжьым, сыхьэти 4-м совет къэралыгъуэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр уащхъуэдэмыщхъуэу къытеуауэ щытащ.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэр ягу къагъэкIыжын папщIэ, нэху къатемыщхьэ щIыкIэ зэIущIэм щызэхуэсащ республикэм и министерствэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIхэр, ветеран, щIалэгъуалэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, «Урысей зэкъуэт», «Захуагъэм тет Урысей», коммунист партхэм я лIыкIуэхэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэ студентхэр, нэгъуэщIхэри.

Зауэ макъамэхэмкIэ къызэIуаха зэхыхьэр ирагъэкIуэкIащ Къалэн куэд зыгъэзащIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIалэгъуалэ центрым и лэжьакIуэхэм. Утыкум къиува щIалэмрэ пщащэмрэ Хэку зауэшхуэр зэрыщIидза щIыкIэр къызэхуэсахэм ягу къагъэкIыжащ, биийм пэщIэувэу абы текIуэныгъэ къыщихьын папщIэ, совет цIыхубэм хьэзабу ишэчар зыхуэдизым и гугъу ящIащ.

Ветеранхэм я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа** пэкIум къекIуэлIахэм нэхъыжь псалъэкIэ захуигъэзащ.

- Япэрауэ, нобэрей пэкIур къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ ин яхуэфащэщ, - жиIащ абы. - Нобэ хуэдэ пщэдджыжьыпэ къабзэм жей IэфIым хэт цIыхухэр щыпсэу къэралым фашистхэр хьэщхьэрыIуэу къытезэрыгуащ. Апхуэдэ зауэ щIэдзэкIэм зыхуигъэхьэзырыну хунэмыса къэралым щыпсэу цIыхухэр бэлыхьлажьэм хэхуат. Абыхэм ягъэвар зыхуэдизыр пхуэIуэтэнукъым. Зауэ гущIэгъуншэм хэкIуэдахэм пщIэ яхуэтщIынщ жызыIэу мыбы къекIуэлIа псоми Тхьэм фи гъащIэм къыфхупищэ!

АдэкIэ псалъэ иратащ КъБР-м и ДОСААФ-м и унафэщI **МацIыхъу Хъусен.**

- ПщIэ зыхуэтщI, ныбжьэгъухэ! - захуигъэзащ абы пэкIум къекIуэлIахэм. - Сэ хуабжьу срогуфIэ илъэс зыбжанэ хъуауэ мыбдеж къыщызэхуэсым елъытауэ, мы гъэм къекIуэлIахэр куэдкIэ зэрынэхъыбэм. АбыкIэ фIыщIэ яIэщ республикэм щылажьэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэми. Ахэр жылагъуэм и нобэрей гъащIэм къыщаIэт Iуэхугъуэхэм жыджэру хэтщ.

МацIыхъум пэкIум къекIуэлIахэм ягу къигъэкIыжащ Хэку зауэшхуэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къызэрагъэхъеяуэ щыта щIыкIэр. А зэманым и пэ къихуэу, ер зи гум къихьэу, бий зыкъытхуэзыщIа нэмыцэхэм тIасхъэщIэх куэд къыткIэщIаутIыпщхьат. Ар щхьэусыгъуэ хуэхъуащ фашистхэм ди щэхухэр нэхъ пасэу зэрагъэщIэным, зауэм и пэ дыдэм хьэщхьэрыIуэу удын хьэлъэхэр ди дзэхэм кърадзыным. Апхуэдэ щIэдзэкIэм совет экономикэр гугъуехь тIуащIэм хидзащ.

- Нобэ мы дыздэщытым и деж сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 20-м щедгъэжьэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ къызэхэзыкIухьыну автомобиль зекIуэр, - къыпищащ и псалъэм адэкIэ МацIыхъум. - Ахэр щыIэнущ Нарткъалэ, Май, Тэрч, Прохладнэ, Бахъсэн, Шэджэм къалэхэм. И пщэ далъхьа къалэныр зэфIигъэкIа нэужь, автомобиль зекIуэр 115-нэ шу дивизэм и фэеплъу Налшык къыдыхьэпIэм деж щытым къекIуэлIэжынущ.

КъБР-м цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** пэкIум къекIуэлIахэм захуигъэзащ:

- Нобэ ди къэралым щыпсэу дэтхэнэ зыми зыщигъэгъупщэ хъунукъым совет зауэлIхэмрэ фронтым хуэлэжьахэмрэ зэрахьа хахуагъэр зыхуэдизыр, - жиIащ абы. - Ди адэжьхэм зэрахьа лIыгъэр щIэблэм я дежкIэ щапхъэ мыухыжщ. Абы къыхэкIкIэ, нобэ псэухэм апхуэдэ гуауэ дяпэкIэ къэмыгъэхъуныр ди къалэн нэхъыщхьэщ.

АдэкIэ псалъэ иратащ республикэм спортымрэ туризмэмкIэ и министр **АфIэунэ Аслъэн:**

- Совет къэралыгъуэм и тхыдэр зэрыщыту къапщтэмэ, нобэ дигу къэдгъэкIыж махуэр нэхъ гуауэ дыдэхэм ящыщщ, - жиIащ абы. - Мыбы къекIуэлIэну мурад зыщIахэм, хэти къехьэлъэкIауэ къыщIэкIынщ, хэти «нэху мыщу сыкъызэфIэувэну хэт сызезыхуэр» жиIагъэнщ. Ауэ ди адэжьанэжьхэм апхуэдэ сыхьэт бжыгъэ дыдэм къатепсыхауэ щыта гуауэр уи нэгу къыщыщIэбгъэувэжкIэ, Iуэхум нэгъуэщIу уегупсысу щIыбодзэ. Жэрдэм къыхызолъхьэ, зауэм гугъуехьрэ хьэзабу къиихьыр зыхуэдизыр цIыхухэм ящымыгъупщэн папщIэ, илъэс къэс нобэ хуэдэ махуэм и нэхущым, УФ-м ис цIыху псоми зэхахыу, фашистхэр къыщыттеуа сыхьэт бжыгъэ дыдэм ирихьэлIэу, тхьэгъуш къэгъэджэн хуейуэ.

Утыку къихьащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Геккиев СулътIан:**

- Фи пщэдджыжь фIыуэ! - захуигъэзащ абы къызэхуэсахэм. - Мамыру дызэрыпсэур зи фIыщIэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Ди къэралым и дэнэ щIыналъи хуэдэу, дэ шэху уэздыгъэхэр пыдгъэнэнущ. Сэ къызбгъэдэкIыу фIыщIэ лей яхуэсщIыну сыхуейт нобэрей Iуэхугъуэр къызэгъэпэщыным зи гуащIэ хэзылъхьа IэнатIэ псоми я унафэщIхэм.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм зы дакъикъэкIэ яхуэщыгъуа нэужь, пэкIум къекIуэлIахэм удз гъэгъахэр фэеплъым тралъхьащ. «Тщыгъупщакъым» псалъэр къикIыу зэхагъэува шэху уэздыгъэхэр щIалэгъуалэм пагъэнащ. Ар зэфIэкIа иужь, зауэм хэкIуэдахэм папщIэ зэхуэсым къекIуэлIахэм дыуэ ящIащ.

*Тхыгъэри сурэтхэри* **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*



## Зауэм и гуэвэгъуэхэр ягу къагъэкIыж

**Мэкъуауэгъуэм и 22-м Бахъсэн къалэм щрагъэкIуэкIа пэкIухэм ягу къыщагъэкIыжащ Хэку зауэшхуэр къыщыхьея махуэр, абы ди цIыхухэм къахуихьа гуауэмрэ гуэвэгъуэхэмрэ.**

ИУЖЬКIЭ къалэдэсхэр администрацэм и унэм пэмыжыжьэу щыIэ МафIэ мыужьыхым деж щызэхуэсащ.

ПэкIум кърихьэлIащ Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и лэжьакIуэхэмрэ абыхэм я Iэтащхьэ Хьэщпакъ СулътIанрэ, егъэджэныгъэмкIэ департаментым щылажьэхэр, школакIуэхэр, щэнхабзэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ я лэжьакIуэхэр. Абыхэм фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

Ди зауэлIхэм къытхуахьа мамырыгъэр яхъумэну цIыхухэр къыхураджэу пэкIум къыщыпсэлъащ къалэм и унафэщIхэр, ветеранхэр.

**ТЫIЭЩ Элинэ.**

## Бжыгъэ къэтыкIэм техьэну загъэхьэзыр

● ЩIэ

**КъБР-м и Парламентым и депутатхэм, ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ комитетым и унафэщI Хьэщхъуэжь Татьянэ я пашэу, тхьэмахуэ кIуам зрагъэлъэгъуащ ди республикэм щылажьэ телерадиокомпаниехэм я щытыкIэр. Ахэр Iуэхум хигъэгъуэзащ КъБР-м хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.**

ДЕПУТАТХЭР нэхъыбэу зыщIэупщIар Iэмэпсымэ и лъэныкъуэкIэ IуэхущIапIэхэм я Iуэху зыIутымрэ бжыгъэ къэтыкIэм хуэкIуэну зэрыхьэзырымрэщ. «Налшык» ОРТК-м и тхьэмадэ Вэрокъуэ Владимир зэрыжиIамкIэ, зыхуей хуэза нэтынхэр къэтынымкIэ зыхуэныкъуэ псори щыIэщ. КъищынэмыщIауэ, ахэр зыщIэс унэм ещанэ къатыр къытращIыхьыжмэ, республикэ телеканалым и лэжьакIуэхэри абы Iэпхъуэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр бжыгъэ къэтыкIэм зэрытехьэну щIыкIэмрэ дяпэкIэ жэщи-махуи зэрылэжьэнумрэ зэпкърыхауэ хьэщIэхэм яжриIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и унафэщI Дроздов Игорь. «Иджыпсту сыхьэти 7-м нэблагъэкIэ эфирым дитщ. Абы къыщыдогъэлъагъуэ бзищымкIэ хъыбарыщIэхэр, Фондым хэлъ программэхэр, Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм теухуа нэтынхэр. КъБКъУ-мрэ дэрэ дгъэхьэзыращ адыгэбзэр зэрызэрагъэщIэну видеодерс 30-м нэс, иджыпсту балъкъэрыбзэм ехьэлIа апхуэдэ лэжьыгъэр йокIуэкI, - жиIащ Дроздовым.

ТВ-м и редакцэхэм, монтаж лэжьыгъэр щекIуэкIым, хъыбарыщIэмкIэ IэнатIэм щыIа, журналистхэм яIущIа нэужь, Хьэщхъуэжь Татьянэ къыхигъэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и лэжьыгъэм арэзы къызэрищIыр.

**ПЩЫГЪУЭШ Iэсият.**



● Гъуэгухэр

## Пщалъэмрэ фIагъымрэ

**Дунейм и щытыкIэм щIэх-щIэхыурэ зэрызихъуэжымрэ бгылъэ щIыпIэхэм гъуэгу лэжьыгъэхэр щегъэкIуэкIыным хэлъ гугъуехьхэмрэ щхьэкIэ къэмынэу, Нартсанэ - Нарзаныпсхэм я Ауз - Джылы-Су, Iуащхьэмахуэ автомобиль гъуэгур и пIалъэм зэриухуэным, зэгурыIуэныгъэкIэ къищта къалэн псори зэригъэзэщIэным «Главдорстрой» ООО-м и къарур ирехьэлIэ.**

ПШАХЪУЭ зэхэлъэрэ мывэ кIэщхъкIэ зэпымыууэ къызэрызэрагъэпэщым и фIыгъэкIэ, Чыщбалъкъ къуажэм щыIэ асфальт-бетон заводыр зэпIэзэрыту мэлажьэ. Техникэу къагъэсэбэпымрэ цIыху бжыгъэмрэ зэрыхагъэхъуам технологием и пщалъэмрэ автомобиль гъуэгум пыщIа лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм я фIагъымрэ къызэрегъэпэщ (апхуэдэщ гъуэгум и лъабжьэр, абы и щхьэфэр зэхуэгъэкIуэным, гъуэгубгъу щIытIхэм, кIэнауэхэм, нэгъуэщIхэми ехьэлIахэр).

КъБР-м ТранспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм «Главдорстрой» ООО-м къалэн щищIащ дызыхуэкIуэ бадзэуэгъуэм и 15 пщIондэ километр 31-рэ хъу гъуэгу Iыхьэм асфальт телъхьэныр щызэфIигъэкIыу, Нартсанэ дэдзыхыпIэм къыщыщIэдзауэ «Нарзаныпсхэм я Ауз» турбазэм нэсыху кIыфIым къыхэнэхукI дамыгъэхэр щыгъэувыным иужь ихьэну.

**КЪУМЫКЪУ Мадинэ.**



● Шэджэм щIыналъэ

## Къабзэлъабзагъэр пIалъэ пыухыкIам тещIыхьакъым

**Шэджэм муниципальнэ районым и Iэтащхьэ Бакъ Руслан къалэн куэд къыпэщытми, жылагъуэхэр гъэкъэбзэнымрэ зыхуей хуэгъэзэнымрэ япыщIа Iуэхухэм и нэIэ зэи тригъэкIыркъым.**

ЖЫЛАГЪУЭХЭР зэIузэпэщ щIыным хуэгъэза мазитI лэжьыгъэ щрагъэкIуэкIым псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм хиубыдэ IуэхущIапIэхэм я мызакъуэу, абы зэфIэкIышхуэ къагъэлъагъуэу хэтащ егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным и IуэхущIапIэхэр, промышленнэ предприятэхэр, районым щыпсэухэр. Шэджэм къалэмрэ районым и къуажэхэмрэ жыгхэр щыхасащ, гъуэгухэр, зекIуапIэхэр зыхуей щыхуагъэзащ.

Иужьрей зэманым хабзэм къемызэгъыу куэншыб идзыпIэ ящIа щIыпIэу 39-рэ ягъэкъэбзэжащ, апхуэдэу гъуэгухэм ящыщу километр 80-м хиубыдэу яухъуэнщIа жыгхэм я къудамэхэр зэхуахьэсыжащ. Псори зэхэту мазитIым къриубыдэу пхъэнкIиймрэ кIэрыхубжьэрыхумрэ трагъэкъэбзыкIащ гектар 214-м.

Жылагъуэхэр гъэкъэбзэным, зэIузэпэщ щIыным хуэгъэза мазитI лэжьыгъэр зэфIэкIами, районым зэи щызэпагъэуркъым дэтхэнэ жылагъуэри, уэрамри, пщIантIэри зыхуей хуэзэу зехьэныр.

**КУЛИЕВЭ Джаннетэ.**

## Иджыри унэ 55-рэ

**«КъБР-м и псэупIэ-коммунальнэ комплексыр реформэ зэращIынумрэ зэрырагъэфIэкIуэнумрэ» республикэ программэ хэхам зэрыщыубзыхуам тету, Шэджэм муниципальнэ районым и жылагъуэхэм кхъахэ хъуа бжьамийуэ метр 710-рэ нэгъабэ щахъуэжащ, сом мелуани 4,5-рэ и уасэ псы къыщIэшыпIитI щаубрууащ.**

ХУАБЭКIЭ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэм Нартан къуажэм дэт джэдкъаз фабрикэм и котельнэм и хьэкур щызэрахъуэкIащ, Iэмэпсымэхэр щызэрагъэпэщыжащ. Апхуэдэу сом мелуан 1,85-рэ и уасэ хуабэ гуэшыпIэу метри 110-рэ яхъуэжащ. Километр 12,4-м асфальт тралъхьащ. Абы сом мелуан 48,215-рэ хухахащ.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм промышленностымкIэ, ТЭК-мрэ ЖКХ-мрэ я экономикэмкIэ и къудамэм и унафэщI Бозий Маринэ зэрыжиIамкIэ, мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу Шэджэм районым фэтэр куэд хъу унэу 93-рэ щыIэщ (метр зэбгъузэнатIэ 83400-м цIыху 4100-рэ щопсэу). Ахэр зы управляющэ компаниемрэ псэупIэр зейхэм я зэгухьэныгъитIымрэ зэрахьэ.

ЖКХ-м щекIуэкI реформэхэм я щIэгъэкъуэн Фондым и хьэкъкIэ, 2008 гъэ лъандэрэ фэтэр куэд хъу псэупIэ 18 къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ. А Iуэхум сом мелуан 69,8-рэ халъхьащ.

Хухаха ахъшэмкIэ унащхьэ псори зэрахъуэкIащ, IуплъапIэхэр зыхуей хуагъэзащ, пэш кIуэцIхэм я инженер сетхэр яхъуэжащ, къызэрапщытэ Iэмэпсымэхэр ягъэуващ.

Иджыри унэ 55-рэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ.

**КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.**

● Министерствэхэм

## Псыхуабэ щекIуэкIынущ

**КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и къуэдзэ Байсултанов Одес «Кавказ джэгухэр» фестивалыр 2013 гъэм зэрырагъэкIуэкIынум триухуа зэIущIэм.**

УФ-м КъэралкIуэцI IуэхухэмкIэ, СпортымкIэ, ЩэнхабзэмкIэ и министерствэхэм я лэжьакIуэхэм «Кавказ джэгухэр» фестивалыр къызэрызэрагъэпэщыну щIыкIэхэр яубзыхуащ. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и спортсменхэр зэхьэзэхуэнущ атлетикэ псынщIэ, бгырыпх бэнэкIэ, армспорт, кIапсэкIэ зэпекъу, шабзэкIэ уэн, хьэлъэ къехьэкIын, кIапсэм дэпщеин, пкIэн, футбол цIыкIу лIэужьыгъуэхэмкIэ, нэгъуэщIхэмкIи.

Фестивалым къриубыдэу щэнхабзэмкIэ гъэлъэгъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ. КъафэкIэ, уэрэдкIэ утыкур ягъэдахэнущ, лъэпкъ хуэIухуэщIэхэр, хьэпшып IэрыщIхэр, УФ-м и щIыналъэхэм я сурэтыщIхэм я IэдакъэщIэкIхэр ягъэлъэгъуэнущ.

«Кавказ джэгухэр» фестивалыр мы гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 5 - 7-хэм Псыхуабэ щекIуэкIынущ.

## Джылахъстэней къыхах

**Лэжьыгъэ IуэхукIэ Тэрч куейм щыIащ КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн. ЩIыпIэ администрацэм и унафэщI Пэнагуэ Максим и гъусэу абы районым и къуажэ зыбжанэм зыщиплъыхьащ, спорт ухуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIыну къыхаха щIыпIэхэр къыипщытэу. Ахэр къызэгъэпэщыныр, IэмэпсымэхэмкIэ уэдыныр, спорт утыкуи 100-м щIигъу ухуэныр 2012 гъэм Налшык щекIуэкIа «Кавказ джэгухэр» щIыналъэхэм я III фестивалым ди республикэм и текIуэныгъэм къыпэкIуа грантым и мылъкум къыхэкIынущ.**

ТЕРЕКСКЭ, Хьэмидей, Урожайнэ, Курп Ищхъэрэ, Белоглинкэ къуажэхэм, Тэрч къалэ спорт площадкэхэр щаухуэнущ. Дей, Ислъэмей, Инарыкъуей, Курп Ищхъэрэ, Терекскэ къуажэхэм футбол губгъуэ цIыкIухэр щралъхьэнущ. А щIыпIэхэр зыхуей хуэгъэзэныр, гъэнэхуныр къуажэхэм я щIыпIэ администрацэхэм пщэрылъ щащIащ.

Министрым Ислъэмей дэт волейбол джэгупIэр хъаркIэ къызэригъэпэщыну къигъэгугъащ. «Урысей зэкъуэт» партым и «Физическэ щэнхабзэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ комплексхэр ухуэн» проектым ипкъ иткIэ, Тэрч куейм щыIэ «Дей» спорт комплексыр 2014 гъэм мелуан 14,1-рэ и уасэ IэмэпсымэкIэ къызэрагъэпэщыну жиIащ.

Тэрч къалэ дэт стадионым зыщапльыхьа нэужь, «Кавказ джэгухэр» республикэ зэхьэзэхуэр мы гъэм абы щрагъэкIуэкIыну траухуащ.

## Налшык щыщ гупыр токIуэ

**КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн республикэм и муниципальнэ егъэджэныгъэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэу физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зиужьыныммкIэ жэуап зыхьхэм зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ. Абы кърихьэлIащ «Урысей зэкъуэт» щIыналъэ гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Канунниковэ Татьянэрэ «Сабий спорт» парт проектым и къызэгъэпэщакIуэ Бесльэней Аслъэнрэ.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ «Кавказ джэгухэр» фестивалым и муниципальнэ, республикэ лъэхъэнэхэр, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм хьэблэ футболымкIэ зэпеуэхэр зэрырагъэкIуэкIынум. А зэхьэзэхуэхэм я саугъэт нэхъыщхьэу щытынущ текIуэныгъэ зыIэрызыгъэхьэ командэм и къалэм е къуажэм дащIыхьыну, тренажерхэр зыхэт спорт утыкухэр. Дыжьын медалыр зылъысхэм теннис стIолитI иратынущ. Ещанэ увыпIэр къэзыхьхэм топхэр тыгъэ хуащIынущ.

Министрым жиIащ КъБР-м и дэтхэнэ къуажэми и администрацэм е школым щIалэгъуалэм спорт зэхьэзэхуэхэр къахузэгъэпэщынымкIэ жэуап зыхь IэщIагъэлI лэжьакIуэ дяпэкIэ зэриIэнур. Къыхигъэщащ спорт Iуэхугъуэхэр щыпсэу щIыпIэм щрагъэкIуэкIын, школ спорт залхэм кIуэну Iэмал къахузэгъэпэщын зэрыхуейр.

ЗэIущIэм щагъэлъэпIащ цIыху 5000-м щIигъу зыхэта КъБР-м и еджакIуэхэм я VI гъэмахуэ спартакиадэм ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьа командэхэр. Абы бжьыпэр щиубыдащ Налшык и гупым. Бахъсэн куейм щыщхэр етIуанэ, Прохладнэ къалэм и лIыкIуэхэр ещанэ хъуащ.

**ГЪЭУНЭ Светланэ,**
*КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.*

● ТхылъыщIэ

## Дерс къызыхахын лэжьыгъэ

**Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ къэрал Лъэпкъ библиотекэм зэхыхьэ гуапэ щекIуэкIащ. Абы утыку къыщрахьащ экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат, доцент, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым «Бухучет и аудит» и факультетым и декан ПщыхьэщIэ Сэфарбий «Сельское хозяйство США» зыфIища и тхылъыщIэр.**

ЗЭХЫХЬЭР иригъэкIуэкIащ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Балъкъыз Михаил.

Библиотекэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я доктор Емуз Анатолэ пшыхьыр къыщызэIуихым, ПщыхьэщIэ Сэфарбий Америкэм илъэс зыбжанэкIэ зэрыщылэжьар, а къэралым и мэкъумэш экономикэм зэрыхищIыкIыр, дерс къызыхэпх хъун Iуэху бгъэдыхьэкIэ зэхуэмыдэхэм гу зэрыщылъитар жиIащ.



ПщыхьэщIэ Сэфарбий

Тхылъыр зи IэдакъэщIэкI ПщыхьэщIэ Сэфарбий зэхэхауэ тепсэлъыхьащ лэжьыгъэр итхыным щхьэусыгъуэ хуэхъуам, ди республикэм и мэкъумэш IэнатIэм и лэжьакIуэхэм ар къазэрыщхьэпэнум, нэгъуэщIхэми.

Тхылъым убгъуауэ щытопсэлъыхь Америкэм и мэкъумэш IэнатIэм зэрызиужьам къэралым къыхуихьа ехъулIэныгъэхэм, а Iэмалхэр къэбгъэсэбэпу, ди республикэм и экономикэм зебгъэужь зэрыхъунум, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми.

Сэфарбий и зэфIэкIым фIыуэ щыгъуазэ и лэжьэгъу, и ныбжьэгъу куэд мы зэхыхьэм къекIуэлIащ. Абыхэм зыжьэу жаIащ ПщыхьэщIэм лэжьыгъэ купщIафIэ зэрыригъэкIуэкIар, тхылъым мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Псалъэ гуапэхэм пащэу тхылъыр зытхам хъуэхъукIэ зыхуагъэзащ КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректор Щыхьмырзэ Мухьэмэд, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, экономикэ щIэныгъэхэм я докторхэу Щауэжь Хьэсэнбий, ГъукIэжьхэ Владимиррэ Людмилэрэ, Мысачэ Валерэ, экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатхэу Тхьэмэдокъуэ Хьэзрэталий, Тэгъузло Аслъэн, нэгъуэщIхэми.

Пшыхьыр щиухым, Емуз Анатолэ ПщыхьэщIэ Сэфарбий тыгъэ хуищIащ сурэтыщI цIэрыIуэ Шемякин Михаил и лэжьыгъэ телъыджэхэр щызэхуэхьэса томитIыр.

ЗэIущIэ дахэм хэтащ КъБКъМУ-м и егъэджакIуэхэр, студентхэмрэ аспирантхэмрэ, ирагъэблэгъахэр.

**БЕЗЫР Ленэ,**
*Къэрал Лъэпкъ библиотекэм и лъахэхутэ къудамэм и лэжьакIуэ.*

КIЭБЫШЭ Лилэ Рассказ

# Апхуэдэщ зэманыр

АХЪШЭ куэду уиIэмэ, плъэмыкIынрэ къыпхуэмыщэхунрэ щымыIэу зи фIэщ хъуахэм ящыщт сымаджэу пIэм хэлъ Мэжид.

«Мылъкум сигъэгушхуати, си гугъэт жыгъэми узми сапэлъэщыну, арщхьэкIэ жьыхуегъэзэкI сыхъури, си дунейми зихъуэжащ.

Япэм хуэмыдэу, иджы махуэхэр нэхъ псынщIэу ежэкIыу къысщохъу. Бетэмал, схущIэмыхьэу зыIэщIэзгъэкIа зэманым къигъэзэжыну сщIатэмэ... Си гъащIэм ахъшэу зэхуэсхьэсар щIэстынт. Мылъкум сытегужьеикIауэ ар зэрызгъэбэгъуэным яужь ситащ. Хэт иджы а къомыр къызыхуэнэнур? Бынищэ сиIами яхузэгъэзэхуэнтэкъым. Апхуэдэуи сыцIыху Iейкъым сэ, псапэ куэди сщIащ, ауэ слъэкIынум еплъытмэ - мащIэщ.

Иужьым жумартыгъэр къыстекIуэри IуэхуфI куэд злэжьащи, сыщогуфIыкIыж. ЗимыIэхэм яхуэсщIэ пэтми, сфIэмащIэщ, сигу загъэркъым.

Нэхъ щIалэ сыхъужыну сыщIыхуейр гурыIуэгъуэщ - апхуэдэ цIыхубз дахэм гу къыплъитэн щхьэкIэ абы ухуэфащэу ущытын хуейщ. МылъкукIэ къыдэпхьэхыфынухэм ар зэращымыщри къызгурыIуащ. Си ныбжьым сригузавэми, апхуэдэуи жьы сымыхъуа. Ауэ пэжыр пэжщ - ар сэр нэхърэ фIыуэ нэхъыщIэщ. СыкъизыгъэкIуэтын цIыхубзрэ схузэфIэмыкIын Iуэхурэ щымыIэу къысщыхъуами - сыщыуауэ къыщIэкIащ.

Куэдым я гугъэщ мылъкушхуэр уафэм къещэщэхыу. Ар къэугъуеиным гугъуехьу пыщIам сыт хащIыкIрэ?! Ахъшэр куэду Тхьэм къущитым и деж къыпхуэупсэу уи гугъэщ. Абы нэпсеигъэр гъусэ къызэрыхуищIам зыри хыумыщIыкIыу, къыпхэхъуэм ущогуфIыкI. Нэпсеигъэм и закъуэ? ЗумыгъэнщIыжри абы хэтщи, ар узышхуэщ. Иужьрей зэманым къызгурыIуэжащ апхуэдиз мылъку щIызэхуэсхьэсар: Тхьэм и ней къысщыхуати аращ».

Мэжид и гупсысэхэм къыхишащ зэуэ кърригъэжьа уэшхышхуэм и Iэуэлъауэм. УафэхъуэпскIымрэ щыблэмрэ зэхыхьэжати, дунейр яутхыпщIу къыпщыхъурт. Щхьэгъубжэшхуэр жьым къыIуидзауэ Iупхъуэр зэрихуэрт.

- Ныжэбэрей жэщыр сыту хьэлъэ. СызэрыцIыкIурэ щыблэм сыщошынэ, - и щхьэ хуэпсэлъэжурэ Мэжид и щхьэр шхыIэным щIихъумащ. Жейм хилъафэу пщIыхьэпIэу илъэгъуауэ арами, уэлбанэшхуэм зэригъэгузэвам и Iэужьу арами хузэхэмыгъэкIыу, Мэжид и нэгум телъыджэ гуэр къыщIыхьащ. Зыгуэр къэIэбэри, шхыIэныр и нэкIум трихащ. Чэсейфэху хужьыр зэшэкIа цIыхубзыр дахэт. Марие ещхьт, ауэ Мариетэкъым. Фагъуэт, щIыIэмэ къыкIэрихырт: Макъ щабэ лъахъшэкIэ: «Марие мэгуIэ», - жиIэри, хуэм дыдэу щхьэщыкIыжащ.

«Марие гузэвэгъуэ гуэрым хэхуащи, дэIэпыкъун хуейщ, - апхуэдэу къыгурыIуащ и хьэщIэм къыжриIар. - Нэху здэщым сыкIуэнщ. Хьэуэ, апхуэдизри сежьэфынкъым».

... Мусэ и щхьэр и куэщIым илъу Марие щысщ.

- Сыту упщтыр, си щIалэ цIыкIу, сыбогъэгузавэ.

- Мамэ, дяпэкIэ апхуэдэ Iуэху зэи сыхэмытыжыну фыкъызогъэгугъэ, япэм хуэдэу щIалэфI сыхъужынущ Iэмал имыIэу, - ерагъыу къыхудэшей къудейуэ жеIэ Мусэ.

- Пэжуи, дыкъэбгъэгугъэрэ? Дыкъэбгъэгугъэмэ, зэрыплъэкIынур сощIэ.

- Пэжщ, мамэ. Ауэ пщIэрэ, ар щумыгъуэтым и деж Iейуэ уигъэсымаджэу жаIэри, абы щхьэкIэ умыгузавэ, уигъэлIэнукъым къызжаIащ. ФыкIуэт, мамэ, дадэрэ уэрэ пщэфIапIэмкIэ фыщIыхьэт. Сэ Тхьэм селъэIуну сыхуейт.

- Сэ Тхьэшхуэм сызэрелъэIуам хуэдизрэ елъэIуауэ зы цIыху мы дунейм тету къыщIэкIынкъым. Гуэныхь зимыIэ щымыIэу жаIэ, согупсысэжри - си щхьэм кърикIуа насыпыншагъэм пэхъун гуэныхь злэжьауэ къысхуэгъуэтыркъым. Си анэр дунейм зэрехыжрэ сэ нэпсу щIэзгъэкIам ущIэмыупщIэ.

- Апхуэдэу жумыIэ, си хъыджэбз, Тхьэ селъэIуати, хъуакъым жыпIэу - игу къобгъэнщ. КъыпхуищIэнуми сыт хэпщIыкIрэ? - жи МуIэзин гузавэу.

- Игу къызэбгъэнкIэ сошынэри, иужькIэ согузэвэж. Мусэ илъэс пщыкIущ ирикъуа къудейщ. И къару пэмылъэщу мастэ къилъыхъуэн хуей хъумэ, абы сыкъелынукъым. СыщIэгузавэр си щхьэракъым, сэ схуэдэу зеиншэу дунейм къытенэмэ, къыхуейр хэт? - гуIэрт Марие.

- Зэи аркъэи тутыни сефэнукъым, щIэныгъэшхуэ къэсхьынурэ мамэ зыхуей псори игъуэту згъэпсэунущ жызыIэу школми «тху» защIэкIэ щеджэ щIалэ цIыкIур а цIыхугъэкIуэдым дауэ хашэфа? - жиIэрт МуIэзини.

- Мамэ, мамэ, дэнэ ущыIэ? - Мусэ и макъ къыщыIум, тIури къыщIэжащ. IэпкълъэпкъыIу иIэм зырызыххэу блэ еуам хуэдэу зиIуантIэ-зишантIэу Мусэ унэ лъэгум щылът. - Мамэ, дэнэ ущыIэ, си Iэр умыутIыпщ. Си гугъэмкIэ, солIэ, мамэ, сылIэну сыхуейкъым.

- Сыт жыпIэр, си щIалэ цIыкIу, ар дауэ жыпIа? Сыт итIанэ сэ мы дунейм щысщIэжынур?

Мусэ и щхьэц Iувыр пщIэнтIэпсым псыф ищIат. Гужьеигъуэ зыщIэт и нэшхуитIыр къызэтрихырти и анэм къеплъырт, и Iупэ гъущIахэмкIэ Iущащэрт. Зэми псэхэту къыумыщIэну щэху хъурт, зэми зыгуэрым къигъэщтам хуэдэу къыхэкIиикIырт.

- Уэлэхьи мыпхуэдэу мыхъуну, - жиIэри МуIэзин «Скорэр» къриджащ. ЩIэх дыдэу къэкIуа дохутырым мастэ гуэрхэр къыхиIури, ящIэнухэри къажриIащ.

- Ди Тхьэу-Тхьэшхуэ, сынолъэIу мы сабийм и узыр щхьэщыпхыну. Мыхъун гуэрхэр жысIащи, Азалыхьышхуэм къысхуэбгъэгъуну сынолъэIу, - жиIэурэ Марие и IэплIэм Мусэ иригъэгъуэлъхьащ. Гущэм щыхэлъа зэманым хуэдэу дзапэ уэрэд жриIэурэ щIалэ цIыкIур щIиупскIэрт. Уэру напэм къежэх нэпс пщтырыр Мусэ и нэкIум телъадэрт.

- Мамэ, кхъыIэ умыгъ, сыт хуэдэу гугъу семыхьми, сигъэлIэнукъым бжесIакъэ!

- Сэр щхьэкIэ умыгузавэ, си щIалэ цIыкIу, анэм и фэм куэд дохуэ.

Бжэм зыгуэр къыщытеуIуэм ягугъащ, Мусэ и щэIу макъыр зэхэзых гъунэгъухэр къэкIуауэ.

МуIэзин бжэр Iуихмэ - Мэжид и хъумакIуэ щIалитIыр и гъусэу щытт.

- Къысхуэгъэгъу, Марие, хьэщIэкIуэгъуэ зэманым зэрынэмысари сощIэ, ауэ...

- Ягъэ кIынкъым, хьэщIэр сыт хуэдэ зэманми хьэщIэщ, фытIыс, - жиIэурэ МуIэзин шэнтыр къахуигъэуващ.

Марие къэкIуахэм еплъащ нэпсыр зыщIэз и нэхэмкIэ. ГъэщIэгъуэн къыщыхъуауэ е щыгуфIыкIауэ - апхуэдэ и нэгум щыплъагъуртэкъым. И сабийм фIэкIа, нэгъуэщI дунейм тету ищIэжыртэкъым.

- Мамэ, хэт ар? СощIэ, ар Мэжидщ, - жиIащ хъыжьэу и анэм и IэплIэм илъ щIалэ цIыкIум. Хьэлъэу и нэр къызэтрихри: - УкъызэрыкIуэнур сщIэрт. ПщыхьэпIэу слъэгъуат, - жиIащ, ерагъыу къыдришеиф къудейуэ. Мэжид къыщыгуфIыкIыну хуейт, арщхьэкIэ и къарум къихьыртэкъым.

- Мыр сыт, щIалэфI, къыпщыщIар? - жиIэурэ, Марие и IэплIэм кърихри, Мэжид сабийр пIэм игъэгъуэлъыжащ. И натIэм еIусэри: - Мыр сыту уплъыржьэр, дохутыр къевджакъэ?

- Сыхуейкъым дохутыр, езыр сыхъужынущ.

- Ар къыбжезыIар хэт?

- Сэ езым сощIэ.

- Къэхъуныр тщIэуэ щытамэ, си щIалэ цIыкIу, ди гъащIэри нэгъуэщI зыгуэру щытынт.

Си щIалэ цIыкIу зэрыжиIар Мусэ и гуапэ хъуауэ, и Iэ пщтырыр Мэжид и Iэм трилъхьащ.

Мэжид хъумакIуэ щIалэр телефонкIэ игъэпсалъэри, куэд дэмыкIыу дохутыр къэкIуащ. ЩIалэ цIыкIум еплъщ, и гум едаIуэри: «Сымаджэщым шэн хуейщ, нэхъ псынщIэу нэсыху нэхъыфIщ», - къажриIащ.

НэхъыфI дыдэу яIэ палатэм Мусэ и анэр и гъусэу щIагъэгъуэлъхьащ. ЩIэтыр зы гъуэлъыпIэти, Марие щхьэкIэ етIуанэри къыщIагъэуващ. Дохутырхэри медсестрахэри зэблэжу къеIэзэрт. КърахьэлIэр хущхъуэм я нэхъыфIымрэ я нэхъ лъапIэмрэт. Жыжьэ къраша нарколог цIэрыIуэм хущхъуэхэр къыздихьат. ЕтIуанэ махуэм щIалэ цIыкIур хэпщIыкIыу нэхъыфI къэхъуащ.

- ЗэрыжаIэщи, «Джанэ пщыгъыу укъалъхуащ». Зы махуэкIэ укъыкIэрыхуамэ, укъыкIэрыхупат. ДяпэкIэ апхуэдэ гузэвэгъуэ уи псэми уи анэми тумылъхьэжмэ зэрынэхъыфIыр къыбгурыIуа? - къыжриIащ абы Мэжид.

- Сэ псори къызгурыIуэжащ, дяпэкIэ апхуэдэ Iуэху зэи сыхэтыжынукъым.

- Пэжуи? Псори къыбгурыIуа?

- Пэжщ. Сэ зэи пцIы супсыркъым, уи фIэщ мыхъумэ, мамэ еупщI. Абы щыгъуэми сыхуеякъым икIи къэслъыхъуакъым. Мы зэ закъуэм еплъ, адэкIэ хэгъэзыхь щыIэкъым, уи гукъыдэжыр къиIэтыну аркъудейщ, жаIэри залымыгъэкIэ, - жиIэри Мусэ къэгъащ.

- «Мы зэм» щIыжаIар адэкIэ укъэмыувыIэжыфу уэ езым къэплъыхъуэу щIэбдзэнути аращ. А узыфэм иубыдам афиян уасэ щхьэкIэ хэти яукIыфынущ, - жиIащ дохутырым.

- Хьэуэ, хьэуэ, сэ апхуэдэ сыхъунукъым.

- ИтIанэ насыпыфIэ ухъунущ. Зыщумыгъэгъупщэ си псалъэр. Щумыгъуэтым деж узэрищIыр бгъэунэхуащ. Усабийми, лIыгъэ пхэлъу упэщIэтыфащи, куэд зылъэгъуа сэ согъэщIагъуэ. Ауэ, пэжыр бжесIэнщи, уигъэлIэным иIэжар зымащIэщ. Наркотик зэзыхьэлIэ куэд хуейт хыфIадзэжыну, арщхьэкIэ зэригъэсымэджэнум егъэшынэри къокIуэтыж. Мы узыфэ Iейм пэлъэщыр зырызыххэщ, ауэ абы утекIуа нэужь, гъащIэр зэрыщIэращIэр псэкIэ зыхэпщIэу псэун щIыбодзэж. Узыр нэхъ псынщIэ пщызыщI хущхъуэхэри щыIэщ, ауэ, псом ящхьэращи, лIыгъэрэ быдагъэрэ пхэлъын хуейщ. Си гугъэмкIэ, ахэр уэ пхэлъщ, - жиIэри наркологыр щIэкIыжащ.

Асыхьэтуи МуIэзин къыщIыхьащ.

- Дадэ, сыту фIыщэт укъызэрыкIуар. НэхъыфI сызэрыхъужыр плъагъурэ?

- ГъащIэшхуэ, насып ин Тхьэм зритын ди щIалэ цIыкIу, сэ сщIэртэкъэ узэрыхъужынур! - жеIэ дадэм.

- Дохутырыр куэдрэ къепсэлъати, хуэмышэчмэ жысIэурэ сыгузавэрт, жиIащ Марие.

- Псалъэ Iущыр хущхъуэ псоми щатекIуэж щыIэщ. ИтIанэ, ар къемыпсалъэу хъунутэкъым. Уэ мыбы укъезыгъэшар илъэс куэдкIэ Тхьэм игъэузыншэ. Сыту и сэбэп ин къыдэкIа! Нэхъ лIы зэтети зэи сримыхьэлIа. Абы щыгъхэри плъагъуркъэ, дуней фIыгъуэм зэрыхэсыр наIуэщ, ауэ зэрыпагэм, зэрыткIийм гу лъыботэ.

- Апхуэдэу къыпщыхъуу аращ, дадэ, армыхъу цIыхуфI дыдэщ. Сэри япэу щыслъэгъуам сыщышынат, адыгэбзэкIэ псэлъэну щIидзэри къэсщIащ зэрыцIыхуфIыр, - жиIащ Муси.

А псалъэхэм щыхьэт техъуэм хуэдэу, пакетышхуитIыр зыIыгъ и хъумакIуэхэр и гъусэу Мэжид къыщIохьэ.

- Плъагъурэ, Мэжид, сыхъужауэ жыпIэ хъунущ. - Мусэ къызэфIэтIысхьэри сэлам кърихащ.

- Узэрыхъужыр си гуапэщ, си щIалэ цIыкIу. Сэ иджыпсту бжесIэнум гъэщIэгъуэнагъыу зыри хэлъкъым, ауэ уэри пщIэн хуейщ ар. ГъащIэм гъуэгуанэ нэхъыщхьэу тIу иIэщи, зыр фIыщ, адрейр Iейщ. IеймкIэ укIуэмэ, гугъу уехьынущ, куэдрэ улъэпэрэпэнущ. ФIыр къыхэпхмэ, уи Iуэхур хъарзынэ хъунущ, уи мурадхэри къохъулIэнущ. ИтIанэ уи анэри, мис мы уи адэшхуэри гуфIэнущ, сэри си гуапэ хъунущ.

- Iэмал имыIэу гъуэгуфIымкIэ срикIуэнущ.

- Тэмэмщ, абы узэрытетынур си фIэщ мэхъу. Аращ-тIэ, узыншэу фыщыт, - къыжриIэри Мэжид къэтэджыжащ.

Марие Мэжид къыкIэлъыщIэкIри:

- Куэдрэ Тхьэм уигъэузыншэ, Мэжид, къысхуэпщIар...

- Умыгузавэ, псори хъарзынэу и пIэм иувэжынщ, - жиIэри Мэжид машинэм итIысхьэжащ.

Марие зэрызихъуэжар Мэжид игъэщIагъуэрт. «ЦIыхум и теплъэм зэманым хуэмурэ зригъэхъуэжмэ, ар гукъеуэм щIегъэпсынщIэ. Апхуэдиз тхъугъэ и щхьэцым хидзэну пасэкъэ? ЩтэIэщтаблэу зэрыщытым гу лъыботэ. ГъащIэм и тыншыгъуэ зымылъэгъуа цIыхубзщ. И нэ фIыцIэ пIащэхэм щIэплъагъуэр нэщхъеягъуэщ. НасыпыфIэ усщIынут, ауэ ущIыхуэмейр къысхуэщIэркъым», - жиIэрт игукIэ Мэжид.

«Жьыр дэнэ лъэныкъуэкIэ къыщепщэми ищIэркъым» жыхуаIэм хуэдэу къэхъуащ Мэжид. И адэр коммунистт, къуажэ колхозым и унафэщIти, пщы пэлъытэт. Къыпэлъэщын жылэм зэрыдэмысым щигъэкIати, адрейхэр цIыхуу къыщилъытэр зэзэмызэххэт.

«УАЗик» удзыфэ цIыкIум ису пщэдджыжь нэмэзми жэщыбгми губгъуэм щыплъагъунут. Махуэ псом губгъуэм ита цIыхубзхэм нартыху е гуэдз тIэкIу къальтмакъ илъу я гуфIакIэм зэрыдалъхьэр ищIэрти, я кIуэжыгъуэм зригъэхьэлIэрт. Ар щалъагъукIэ, цIыхубзхэр гужьейрти, яIыгъыр адэ-мыдэкIэ хыфIадзэрт. Машинэм къикIырти, хыфIадзар къаригъэщыпыжырт. АбыкIи зэфIэкIрэт! Бзаджэ яжриIэрт.

Колхозхэтхэм апхуэдэу захуищIми, дахэу щыпсэлъэн хуейри ищIэрт абы. Районым щыщ хьэщIэ къыхуэкIуамэ, коммунист губзыгъэщ, партым хуэпэжщ, колхоз лэжьыгъэм хъарзынэу хещIыкI, планри щIигъуу егъэзащIэ жаригъэIэрт. Дамыгъэ лъапIи, щIыхь тхылъхэри кърататырт.

Пщэдджыжь гуэрым колхоз унафэщIыр лIауэ хъыбар къыщыIуам, зыми я фIэщ хъуакъым. Къызэхуэса къуажэдэсхэм абы щхьэкIэ фIы гуэр жызыIэн къахэкIакъым, уеблэмэ районым къикIам жиIэ щытхъу псалъэхэм псори ирагъэзэшат.

И адэр зыщIэхъуэпсу щыта еджапIэ нэхъыщхьэм школ нэужьым щэтIысхьэри, Мэжид ар фIы дыдэу къиухащ.

- Къулейсыз лъагъугъуафIэ щыIэкъым, си щIалэ, укъулеймэ дунейр ууейщи, мылъкум ухуэзышэ лъагъуэм теуви, укъимыкIуэту икIи укъызэмыплъэкIыу ирикIуэ. Къулей узэрыхъуным сыт щыгъуи егупсыс, уи щхьэр гъэлажьэ, - къыжриIэу щытат и адэм.

Адэм кърита чэнджэщыр Мэжид зэи щыгъупщакъым, щыгъупщэным и пIэкIэ хьэкъыу пхыкIри, къулеягъэм ухуэзышэ гъуэгум зэи щымыуэу ирикIуащ. Ахъшэшхуэ зытемыкIуадэ гуэрхэмкIэ къыщIидзэри, нэхъ къулей дыдэхэм ялъэщIыхьэжащ. Псыми мафIэми пхыкIащ, ауэ къикIуэтакъым. И мурадыр зригъэхъулIати арат: «Си акъылымрэ си зэфIэкIымрэ къысхуахьащ», - щIыжиIэр.

И унагъуэри быныхэри зыхэтыр

(КъыкIэлъыкIуэр 4-нэ нап.)



Сурэтыр СэвкIуий Хъэмид ищIащ.

лъагъуащ

КIЭБЫШЭ Лилэ

Рассказ

# Апхуэдэщ зэманыр

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 3-нэ нап.)

- Сыт пщIэн, псори Алыхь унафэщ. Зеиншэу дунейм утетынри Iейуэ гуауэщ. Анэкъилъху сызэримыIэр си гум къоуэ. Щхьэ апхуэдэу пасэу си анэр дунейм ехыжа? Ар зэрыжысIэм щхьэкIэ Алыхьталэм игу къызэбгъэу къыщIэкIынщ, ауэ, итIани, абы куэдрэ согупсысри, къысхуэгъуэтыр зы жэуапщ. И къарур зыпэмылъэщын сатум хыхьэри, къытехьэлъэу гъуэгуанэ куэд зэпичащ. ПщIэжрэ, папэ, къыщыкIуэж зэзэмызэм ди гуфIэгъуэшхуэт. Щежьэжым деж сыгъырт, езыми и жагъуэт. Хуейтэкъым сумкэ зэпрыдзышхуэжьыр кърилъэфэкIыу къалэшхуэхэр къызэхикIухьыну, зыхуейр и унагъуэ къалэныр игъэзащIэу къытхэсыжыну арат. Нобэ цIыхухъу куэдым хабзэ яхуэхъуауэ езыхэр пэшхьэкум бгъэдэтщ, джэдкъаз ягъэхъу, джэджьей кърагъэш, ар зи къалэн унэгуащэм сом къилэжьын хуейуэ яутIыпщащ. ЩIыIэ хэмыхьауэ мамэ и Iэпкълъэпкъым зыри хэтыжтэкъым, дохутырхэм зэрыжаIамкIэ, зыгъэхъужыфыни щыIэтэкъым… Апхуэдиз гугъуехь телъу си анэм иухуа унэ дэгъуэр къызыхуэнам еплъ. - «Мы жысIэхэр сыт, си адэм и жагъуэ щхьэ сщIырэ, армырами, тхьэмыщкIэм и Iуэхур гугъущ», жыхуиIэу Марие щIегъуэжащ. - Къысхуэгъэгъу, си папэ цIыкIу, зэманыр апхуэдэщ, уэ Тхьэшхуэм куэдрэ усхуигъэузыншэ. Бэзэрым укъэкIуэху си деж къыщIыхьэ. Си бжэр къыщыIупхым деж гуфIэгъуэу сиIэр сыт хуэдиз!

БлэкIар игу къимыгъэкIыжу, адэфIым хуэдэу и пхъур къызэрыхущытыр МуIэзин и гуапэт.

- Марие, си хъыджэбз цIыкIу, сызэрыпхущытар къысхуэбгъэгъурэ? Жыхапхъэ сщамэ, абыхэм зыгуэр къахуэсхьырти, ахъшэр схурикъуакъым, бжесIэрт уэ иужькIэ. Ар пщIэжрэ?

Марие мащIэу дыхьэшхри, «хьэуэ» жыхуиIэу и щхьэр игъэкIэрэхъуащ.

- Папэ, зэрыхъум хуэдэу пщIащ, ар щхьэ уигу къэбгъэкIыжрэ, псори блэкIащ. КъакIуи шхэ, фIыуэ плъагъу джэдлыбжьэр сиIэу нобэ укърихьэлIащи, си гуапэщ.

МуIэзин и пхъум деж зыщигъэпсэхуауэ, и гукъыдэжри нэхъыфI хъуауэ кIуэжырт.

МАХУЭ гуэрым Марие и гъунэгъум цыджан цIыхубз къыщIишащ. «Мыпхуэдэу пэж жызыIэ срихьэлIакъым, куэзыр егъэдзыт», - жиIэри щIэкIыжащ.

Цыджаным куэзырыр трилъхьэрт.

- Зэмыфэгъу куэду зэхэлъщ уи гъащIэр. Уи Iуэхур нэхъыфI хъуну щIедзэри зэIохьэж. Мыр, дауи, уи щхьэгъусэу къыщIэкIынщ, абы щхьэкIэ куэдрэ угъынущ. Плъагъурэ фIыцIэжь цIыхубзыр, и зэранышхуэ къокIынущ. Зыщыхъумэ. И гъуэгу утемыувэ - упэлъэщынукъым. Ахъшэ и куэдщ, бзаджэщ, гущIэгъуншэщ. Уи щIалэ цIыкIум хуэсакъ.

- Мыр сыт, Iейуэ щыIэр зэхуэхьэсауэ къызжепIаи! ФIы зыри къыспэмыплъэу ара?

- Сэ апхуэдэ жысIакъым, къыппоплъэ. ЦIыхухъу къулей гуэрым фIыуэ укъилъагъунущ, ауэ абы насыпри насыпыншагъэри зэгъусэу къыдэкIуэнущ.

- Апхуэдэ щыIэ?

- ЩыIэщ, дунейм Iэджи къыщохъу. Ахъшэ узэримыIэр къэсщIащи, зыри къыпIысхынукъым. Къулей ухъумэ къызэптыжынщ, - жиIэри цыджаныр щIэкIыжащ.

... Сабийр садым иратри, Марие шхапIэ гуэрым хьэкъущыкъутхьэщIу уват. КъызэрыгуэкI унагъуэм хуэдэу я Iуэху зэтеуват. Марие щыгъупщэжат Марат ефэу къаугъэ къигъэхъейуэ щыщыта лъэхъэнэр. Игугъэт сыт щыгъуи апхуэдэу и щхьэгъусэр щытыну. АрщхьэкIэ хуэм-хуэмурэ «пивэ тIэкIунитIэщ» жиIэурэ, кууэ хыхьэжащ.

Къимыгъэгубжьыну едэхащIэурэ зригъэтхьэщIырти, игъэшхэну игъэтIысырт: «Ныщхьэбэ фIыуэ плъагъу хъыршыныр пхуэсщIащи, еплъыт уигу ирихьмэ», - жриIэрт.

Зэзэмызэт Марат къэмыгубжьу Марие щызэтриIыгъэфыр. Зыри хэмызагъэу бзаджэ жиIэрт, цIыху щытыкIэр фIэкIуэдауэ шынагъуэт. Щхьэусыгъуэ гуэр ищIу Марие щIэкIыну хуежьэрт, арщхьэкIэ щIигъэкIыртэкъым. «Сыкъелыну пIэрэ?» - жиIэу гузэвэгъуэр и псэм телъу Марие диваным ист.

Зэгуэрым, щIыбым джэгуу дэт Мусэ и адэм и кIий макъыр щызэхихым, гужьеяуэ къыщIэлъэдэжащ. Абы илъэгъуащ и анэм и напэм Марат щеуэр:

- Уемыуэ мамэ, услъагъу хъуркъым. Си ныбжьэгъухэм «уи адэр ефэрейщ», жаIэ. - Мусэ гъыурэ и анэм зришэкIащ. - Iейуэ игъэуза, мамэ?

Марат и чэфыр зэуэ теужауэ:

- Ар сыт, си щIалэ цIыкIу, жыпIэр, сэ уэ срыуиадэщ…

- Сыхуейкъым апхуэдэ адэ, адрейхэм я адэхэр ефэркъым, я унэм зыри щыкIийркъым, - жеIэ Мусэ, зэрыгъым хуэдэурэ.

Марие и нэкIур апхуэдизкIэ игъэузати, къызэреуар гъущIыIэу къыщыхъуащ.

- Умыгъ, си щIалэ цIыкIу, псори тэмэм хъужынщ, папэ ищIэр ищIэжыркъым, Тхьэм гущIэгъу къыхуищI, - жиIэурэ езы Марии гъырт.

Абы иужькIэ зэзэмызэ фIэкIа емыфэу, ефэми, къаугъэ имыщI хъуат. Пщэдджыжь гуэрым, чэфыр пкърымыкIыжауэ машинэм ису дэкIри, цIыху иригъэукIащ. И суд ящIэри, илъэсий кърататащ.

Тутнакъэщым письмо гумащIэхэр кърихтхыкIырт. Зэрыщытар къыгурыIуэжауэ, дунейм хуиту къытехьэжмэ, нэгъуэщIу зэрыпсэунур я фIэщ ищIыну хэтт.

ЗэрагъэтIысар гъунэгъухэм я гуапэ хъуауэ: «Тутнакъэщыр щIыщыIэр апхуэдэхэращ, нэгъуэщI мыхъуми, апщIондэху зыдгъэпсэхунщ», - жаIэрт.

И сабийми езыми зыхуагъэныкъуэу, ерыскъы хъушэ иIыгъыу тутнакъэщым кIэлъыкIуэрт Марие. КъыщыгуфIыкIыным, фIыщIэ ищIыным и пIэкIэ, и жагъуэ къимыщIауэ зэи къигъэкIуэжыртэкъым. И фIэщ хъуртэкъым нэгъуэщI къимыгъуэтауэ. «Армырамэ, мыпхуэдиз ерыскъыр дауэ пхуэзэфIэкIрэ? - жиIэрт Марат. - Щхьэгъусэ дахэр насыпкъэмыгъакIуэу зэрыжаIэр си фIэщ хъуащ. Зэи си гугъэнтэкъым сэ тутнакъэщ къыспэплъэу».

АфIэкIа кIэлъымыкIуэн мурад иIэу Марие къэкIуэжырт, арщхьэкIэ иужькIэ фIэгуэныхь хъужырт.

Марат илъэсиплIкIэ щысауэ, гъуэгу тэмэм теувэжащ, жаIэри къаутIыпщыж. Пэжу, япэ зэманым апхуэдэу къыпщыхъурт, дуней хуитым тэмэму утетыным и уасэри къыгурыIуэжауэ гугъэ уигъэщIырт.

- Еджэ, си щIалэ цIыкIу, еджэ, узэрызиIэм къару къысхилъхьэрти, арат апхуэдиз гугъуехьыр щIэсшэчыфар. Сылэжьэнщ, узыхуей псори уэзгъэгъуэтыфу адэфIу сыщытынщ, афIэкIаи сефэнкъым, - жриIэрт абы Мусэ.

Марат емыфэу тIэкIу дигъэкIри къыщIидзэжащ. ЛэжьапIэ лъыхъуэу жиIэурэ дэкIырти, гуващэ къыдыхьэжырт. Иджы апхуэдэу къаугъэ къигъэхъеижыртэкъым, ауэ гъырт, псэуну хуэмейуэ жиIэрт. Марие абы игу щIэгъурти, псалъэ дахэ куэд жриIэурэ тригъэужырт.

МАРИЕ шхапIэм къыIукIыжри, и улахуэр нэхъыбэ хъунути, хьэжыгъэм къыхэщIыкIа шхыныгъуэхэр щагъэхьэзыр заводым уват. Мэжид япэу ар щилъэгъуам Марие зэгупсысыр пщыхьэщхьэ и лIым и къэкIуэжыкIэнурат.

Мэжид заводым къызэрыкIуэрэ тхьэмахуитI хуэдиз дэкIауэ унафэщIым Марие ireджэ, гуапэу сэлам кърехри егъэтIыс.

- Зымахуэ къэкIуа Мэжид Зрамукович, зэрыхуэзгъэфащэмкIэ, игу урихьащи, къыпщIоупщIэ.

- Сэ абы зэи мыхьэнэ есткъым, дунейм ущытеткIэ, зигу урихьи уримыхьи щыIэнщ.

- Уэлэхьи, мыхьэнэ зрамыт цIыхухъухэм ящымыщ ар. Си щхьэкIэ абы игу урихьамэ, насыпышхуэ къоуэлIауэ къысщохъу.

- Сэ щхьэгъусэ, бын сиIэщ. СимыIами, апхуэдэ Iуэху зэи сыхэмыхьэну арат.

- ЩхьэгъусэкIэ узэджэр сытым щыщ, хэт сригъэфэн жери уэрамым дэтщ.

- Апхуэдэу жумыIэ, ар си сабийм и адэщ.

- Хъунщ, хъунщ, Марие, уи жагъуэ сщIыну сыхуеякъым, къысхуэгъэгъу. А уи щIалэ цIыкIур адэкIи ебгъэджэн хуейкъэ. Хьэмэрэ зэманыр нэхъыфI хъужу и щIэныгъэкIэ щIэтIысхьэфыну ущыгугърэ? Апхуэдэ зэи къэмыхъужыну аращ. Къэгъэзэж имыIэу блэкIащ а зэманыр.

- Тхьэшхуэм зэриухам хуэдэу псори хъунщ. КъысщIэупщIам схужеIэж апхуэдэу сызэрамыгъэсар. Си анэр пасэу дунейм ехыжами, ар зыхунэмысар сэ зыхэслъхьэжащ, - жиIэри Марие къыщIэкIыжащ.

УнафэщIым и «пащтыхьым» ар зэрыгуригъэIуэныр имыщIэу гузавэрт, зэми тэджырт, зэми тIысырт. Сыт хуэдэу жримыIэми, хъыбар иригъэщIэжын хуейти, шынапэурэ мэпсалъэ.

- Мэжид Зрамукович, псори тэмэмщ, хъарзынэ дыдэм уэлэхьи, сегупсысынщ, жиIащ.

Абы лъандэрэ зы мазэ хуэдэ дэкIат. Мэжид къэпсалъэртэкъыми, унафэщIыр гуфIэрт. «Хэт ищIэрэ - къыхуэмеижу арагъэнщ. ЦIыхубзу абы игъуэт жыхуэпIэм ущIэмыупщIэ», - жиIэу нэхъыфIым щыгугъыурэ, зы пщэдджыжь гуэрым Мэжид къэпсэлъащ:

- Егупсыса, жиIар сыт?

- АтIэ, уэлэхьи, егупсысамэ икIи арэзымэ.

- Абы щыгъуэм пщыхьэщхьэ лэжьыгъэ нэужьым си деж фыкъакIуэ, - жиIэри трубкэр трилъхьэжащ.

А псалъэхэм унафэщIым пщIэнтIэпсыр къыпхахуащ: «Уэлэхьи сунэхъуауэ фIэкIа сымыщIэ. Сыт сщIэнур?» - жиIэурэ секретарым унафэ хуищIащ:

- Марие си деж псынщIэу къыщIэгъэхьэ.

Куэд дэмыкIыу, хьэлат хужьри зэрыщыгъыу, цIыхубзыр къыщIыхьащ.

- ТIысыт, Марие, - жиIэурэ шэнтыр къыхущIигъэкIуэтащ.

Къопсэлъэну зи щхьэ тезымылъхьэ унафэщIыр апхуэдэу нобэ щIыщытыр Марие къыгурыIуат.

- Марие, сэ бынищ сиIэщи, спIын хуейщ. Уи щхьэгъусэм и къалэныр уэ щхьэщыбох, сысейм ар къыпхуищIэнукъым. ХьэщIапIэ фыкъакIуэ жиIащи, унэмыкIуэмэ, сыIуихуауэ бжы. Абы дыкIуэкIэ зыри къэхъунукъым, ухуэмеймэ, IэпэкIэ къоIусэнукъым. ЦIыхубз имыгъуэту ара уи гугъэр? Бжьэм хуэдэу къепщIащ уэлэхьи, бжьэм хуэдэу. ИгъащIэм апхуэдэ цIыху уепсэлъылIа, и гъусэу ущыса? Таурыхъхэм хэт дунейм ещхь уигъэлъагъуфынущ а цIыхухъум. Хъунщ, хъун, кхъыIэ, абы ухуэмеймэ - хэгъэзыхь щыIэкъым. СынызэролъэIуращи, Тхьэм и хьэтыркIэ, уи зэран къызумыгъэкI.

- Хъунщ, си зэран уэзгъэкIыну сыхуейкъым, дыкIуэнщ…

Мэжид къэтэджри гуапэу сэлам къарихащ, игъэтIысахэщ.

Марие и псэукIэр зыхуэдэр ищIэ пэтми, зыгуэрхэмкIэ къеупщIырт. Мыхьэнэшхуэ иритырт цIыхубзым и псэлъэкIэм, и нэмысым, и щабагъэм, акъылу бгъэдэлъым.

- Хъунщ-тIэ, дежьэжынщ, уэ, дауи, Iуэху куэд уиIэщ, - жиIэурэ Марие къэтэджыжащ.

- Фыкъызэреблэгъам папщIэ фIыщIэ фхузощI, - Мэжид письмоулъитI зырызу къахуишиящ. УнафэщIыр псынщIэ дыдэу Iэбэри къыIихащ.

- Хьэуэ, хьэуэ, тхьэ сыхуэмей, - Марие щимыдэм:

- Мыбы къыщIыхьа хьэщIэ зэи IэнэщIу щIэзгъэкIыжыркъым. Умыгузавэ, Марие, икIи укъысщымышынэ. СIыпхыну сынолъэIу, мыр зыгуэрым и уасэу аракъым.

- Хъунщ-тIэ, - жиIэри письмоулъэр къыIихащ.

Марие пщIэуэ къыхуищIыр кърigъэлъагъуэу, Мэжид ахэр къыщIишыжащ.

Телевизор еплъу щыс Мусэ гуфIэу къыщылъэтри, и анэм IэплIэ къыхуищIащ.

- ГъащIэшхуэ Тхьэм зритын си щIалэ цIыкIу, уэ ухэтми пщIэрэ? Си гъащIэ пшагъуэм къыщыблэвагъуэщ. Мыдэ еплъыт, - жиIэурэ и сумкэм письмоулъэр къыдихри, ахъшэр стIолым къытрилъхьащ.

- Мамэ, мыр сыту куэд хъурэ!

- Сыт къыпхуэсщэхун, си щIалэ цIыкIу? Уи вакъэр зэщIэхуащ, уи цыджанэри тIорысэ дыдэ хъуащ.

- Сэ нэхъ къэсщтэнур пщIэрэт, мамэ, зы телефон, нэхъ пудхэм ящыщу къысхуэпщэхуамэ, сыту фIыщэ хъунут. Уэри Iэмал имыIэу зыгуэр къэщэху. Сытми, псынщIэу дыгъэкIуи зыгуэр къэдгъэщэху, папэ къэкIуэжмэ птрихынщ.

ЩЫСЩ Мэжид и лъакъуэр стIолым трилъхьауэ, игъэщIеикIауэ. Зэзэмызэ хэфу фадэ лъапIэр и пащхьэм итщ. «Пэжращи, цIыхухъур дэзыхьэх псори бгъэдэлъщ. Дахэщ, щэныфIэщ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ имыIэми, зэрыгубзыгъэр уолъагъу. ШыIэныгъэшхуэ, гущIэгъу хэлъщи, аращ апхуэдэм щIыбгъэдэсыфыр. Сэ сщIэращи, сыт хуэдиз гуакIуагъ бгъэдэмылъми, абы зыдезгъэхьэхыщэнкъым. ГурыщIэкIэ зэджэр зыхэзмыщIэу сызэрыпсэуам хуэдэу дяпэкIэ сыпсэунщ. ЗыкIи сыхуэныкъуэкъым икIи сыхуейкъым, абы пIейтей ищI цIыхухъухэр игъащIэм си ауанщ», - Марие егупсысырт Мэжид.

Махуэ гуэрым Марие унафэщIым ириджэри: «Мэжид Зрамукович къэпсэлъа уигугъэкъэ?» - къыжриIащ, мыдрейр абы зэрыщыгуфIыкIынум шэч къытримыхьэу.

- Сыт зыхуейр? Ди зэхуэзэныгъэр абдежым щызэфIэкIауэ си гугъати.

УнафэщIыр мащIэу дыхьэшхри:

- Уэлэхьи ар зыхуей псор сымыщIэ, ауэ, зэрыхуэзгъэфащэмкIэ, ресторанхэм я нэхъ цIэрыIуэ дыдэм дишэнущ, Муси ди гъусэнущ. Бостей нэхъ дахэ гуэр щытIагъэ, сыту дахащэ жегъэIэ.

- Сыт ресторан, нэгузыужь къэслъыхъуэрэ сэ? Сэ щхьэгъусэ сиIэщ.

- Марие, ущIэшынэр къызгурыIуэркъым, дапщэрэ бжесIа ар цIыхубз хуэныкъуэкъым жысIэурэ. Моуэ-щэ, фIыгъуэ гуэрхэр къыфхуищэхуну арагъэнкIи хъунщ. Ущымысхь абы и мылъкум, зыхуегъащIэ. Абы и мылъкум зыгуэр хэщIауэ къыщыхъунукъым. Уэ ухуэмейми, уи щIалэ цIыкIум и нэгу зиужьынкъэ, зиунагъуэрэ. ЦIыхубзым зимыгъэщIагъуэу, зызэхимышу, ауэ, итIани, и щхьэр имыгъэлъахъшэу щытын хуейщ. Сэ, цIыхухъум, жысIэм къедаIуэ.

Марие и гупсысэхэм заугуэшауэ зэныкъуэкъурт. «Сымылъэгъуа дунейм сыхишэрэ, къыстехьэлъэ гъащIэр зэ фIэкIа нэхъ мыхъуми тынш къысщищIми сыт къэхъун! - Ар емыкIукъэ, нэмыс, хабзэ зыхэлъ куэд къулейхэм яхэт? Укъызэрипэсынукъым икIи къыпхуейкъым, атIэ ар щыпщIэкIэ, и машинэм уису щхьэ зыкъебгъэлъагъун хуей? - Сэ абы и нэгум щыслъэгъуар нэгъуэщIщ. Зэи си жагъуэ къимыщIыну къысщыхъуащ», - и гупсысэхэр апхуэдэу зэпэщIэуэурэ, сытми, Мэжид хуэзэну тегушхуащ.

Зыкъомрэ зригъэжьауэ Марие къыщыIухьэм, Мэжид машинэм къикIри бжэр хуIуихащ.

- Сыт щхьэкIэ укъысхуейт? - машинэм имытIысхьэу Марие щIэупщIащ.

- Уи фIэщ зэрыхъун, си зэран уэмыкIын. Нобэ схущIыхьэрти, щIалэ цIыкIури ди гъусэу ПсыхуабэкIэ дыкIуэнщ, - жысIэри мурад сщIащ. ДывгъакIуэ, зытплъыхьынщ, зыдгъэпсэхунщ. НакIуэ, Мусэ къидгъэтIысхьэнщ…

Апхуэдизу къелъэIу цIыхухъум «хьэуэ» жриIэн фIэемыкIу хъури, Марие машинэм итIысхьащ.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).



Сурэтыр СэвкIуий Хьэмид ищIащ.

Шахмат кружокыр щекIуэкIым

• Мазэ лъапIэ

# Рэмэданыр къихьэмэ, жэнэтыбжэхэр къызэIуах

*ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, бадзэуэгъуэм (июлым) и 9-м мыгъэрей нэщIым щIедзэ. Ауэ ар ипэжыпIэкIэ къыщытщIэнур мазэщIэр къэунэхуа иужькIэщ икIи, абы къыхэкIыу, а пIальэм зы махуэкIэ зэхъуэкIыныгъэ игъуэтынкIэ хъунущ. Шэч хэмылъу, Рэмэдан мазэ лъапIэм зэрыщIидзэм теухуа хъыбар нэхъ пасэу фэдгъэщIэнущ икIи нэщIым и пэщIэдзэмрэ кIэуххымрэ зэрыт нэмэз щIыгъуэхэр фи пащхьэ итлъхьэнущ.*

*Дэтхэнэ зы муслъымэнми и къалэнщ мурад ищIу, пщэдджыжьым и нэхущ пэжым щегъэжьауэ дыгъэр къухьэхукIэ, нэщIыр зыкъутэн имылэжьыну, псэхьэлэлкIэ а Iуэхугъуэ щхьэпэр ирихьэкIыну. «Ислъамым и нурым» нобэ теддзэ чэнджэщ щхьэпэхэм ар тынш къыфщащIыну дыщогугъ.*







### ТхузэфIэмыкIын къалэн къытщищIыркъым

НЭГЪАБЭ ещхьу, мыгъэрей нэщIри хуабэм ирихьэлIащ, махуэхэри кIыхьщ. Абы щыгъуэми гугъу нэхъ ехьыхукIэ и псапэри нэхъыбэ зэрыхъунур зыщIэ муслъымэным ар къытехьэлъэнукъым. Къытехьэлъэнукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ещIэ сыт хуэдизкIэ дыгъэр гуэщIами, жыхьэнмэ мафIэр зэрынэхъ гуащIэжыр. Махуэм и кIыхьагъри муслъымэн пэжым къытехьэлъэнукъым - абы зыхуегъэхьэзыр Къемэт махуэу, махуэ гугъум икIи махуэ кIыхьым.

НэщI щиIыгъкIэ гугъуехь гуэр зэрызыхищIэу цIыхум и нэгум занщIэу къыщIоувэ абы псапэ къызэрыдэкIуэнур, и гуэныхьхэри абы зэрыдэкIуэдынур. Аращ бэшэчагъ къыхэзылъхьэр.

Алыхьталэм тхузэфIэмыкIын къалэн къытщищIыркъым. НэщIыр хьэлъэми пхуэмышэчыну, пхудэмыхыну щыткъым. Къызытехьэлъапэм Алыхьым ар и пщэ къыдилъхьэххэркъым.

КъищынэмыщIауэ, гу зылъытапхъэращи, нэщIыр тыншу пхудэхын пэтрэ фэрыщIагъ зепхьэу лейуэ гугъу зыщIебгъэхьын щыIэкъым. АбыкIэ уи псапэри нэхъыбэ хъунукъым. Нэхъ тыншу нэщIыр къызэрохъулIэн Iэмалхэр зепхуэн хуейщ. Уеблэмэ, Рэмэдан мазэм лэжьыгъэхэм нэхъ закъыдэбгъэахуэу, псапэ Iуэхум зептыфынумэ, ар нэхъыфIыжщ.

УнэщIыныр зэрыфарзымкIэ муслъымэн Iуммэт псор зэакъылэгъущ. Абы и тегъэщIапIэр Алыхьым кърикIуэха КъурIэнымрэ бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, и суннэмрэщ.

КъурIэным итщ: «Уа, Iиман зиIэхэ! ФэркIэ къалэнщ нэщIыныр, фи япэкIэ щыIахэм ар я къалэну зэрыщытам хуэдэу, шынагъэ фхэлъын папщIэ» *(Сурэ Бэкъэрэ: 183).*

Суннэр къэтщтэнщи, бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ: «Ислъамыр лъабжьитхум тещIыхьащ...», икIи абыхэм ящыщ зыуэ къигъэлъэгъуащ «Рэмэдан мазэм унэщIыныр...» *(Бухъарий).*

### НэщI зытехуэр

НэщIыну къытохуэ муслъымэн балигъым, зи акъыл зэтетым, зи унэ исыжым (мыгъуэгурыкIуэм), нэщIыфыну къару зыбгъэдэлъым. ЦIыхубзым - мазащхьэ е нифас (сабий зыгъуэта цIыхубзым зыщигъэкъэбзэж зэманращ) мыкъабзэныгъэхэр имыIэу щытмэ.

Илъэсибл ирикъуа сабийм, хузэфIэкIыну щытмэ, нэщI ебгъэIыгъ хъунущ. ИлъэсипщI ирикъуам нэхъ ткIийуэ текъузапхъэщ.

Дауи, балигъ мыхъуам и къалэнкъым нэщI иIыгъыну, ауэ, зэрыжаIэу, «чы щIыкIэ къыумыгъэшар, бжэгъу хъуа нэужь къыпхуэгъэшыжыркъым». Сабийр мащIэ-мащIэурэ, хуэм-хуэмурэ хуегъэсэн хуейщ дин къалэнхэм.

НэщI зыIыгъа сабийм къихьа псапэр езым еижщ, и адэ-анэм псапэ къызэрахьыр ар нэщIыну къызэрыхурадджэрщ, фIым зэрыхуагъэсэрщ.

Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Мухьэуиз ипхъу Iэр-Рубэйихь езыхэр зэрынэщIу щытам теухуауэ жиIэжащ: «Ди сабийхэм нэщI едгъэIыгъырт. Цым къыхэщIыкIауэ зэрыджэгун хьэпшып гуэрхэр яхуэтщIырти, къэмэжалIэрэ къыхэгъыкI къахэкIмэ, ар яхуэтшийурэ, хэщхьэжыгъуэм нэс тедгъэухэрт» *(Бухъарий).*

Языныкъуэхэр Iэпэдэгъэлэлу бгъэдохьэ я бынхэм нэщI егъэIыгъыным. Уеблэмэ езы сабийм и жэрдэмкIэ, къызэрытехьэлъи щымыIэу, фIэфI дыдэу нэщI щиIыгъым деж, и адэ-анэр жьэхэлъэу щыхагъашхэ щыIэщ. АбыкIэ гущIэгъу я быным хуащIу къащохъуж, ауэ пэжым ухуеймэ, гущIэгъу я быным хуащIа щыхъур нэщI IыгъыкIэм хурагъасэмэщ, балигъ ныбжьым хуагъэхьэзырмэщ.

### Щэращ умышхыу къыумыгъанэ

Щэращ умышхыу къыумыгъанэ, зэрыхъукIи ар гъэгувэ, ауэ хыумыгъэкIасэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, нэхущ пэжыр къэунэхуным щэращыр нэхъ пэгъунэгъухукIэ, нэхъыфIщ. Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ: «Щэращ фшхы, щэращым берычэт хэлъщ» *(Бухъарий).* Абы къикIращи, щэращ шхыным берычэт къыдокIуэ. КъимыдэкIэ, щэращ пшхымэ, «Iэхьлул-китаб» зыхужаIэхэм - журтхэмрэ чристэнхэмрэ - я нэщI IыгъыкIэу езыхэр зытеIэзэщIыхьыжам емыщхь мэхъу. Абыи диным ухуреджэ. Мыри жиIащ лIыкIуэ лъапIэм щэращым ехьэлIауэ: «Хъурмэр щэращ дэгъуэщ муслъымэным дежкIэ» *(Iэбу Дауд).*

### НэщIым къыпэкIуэ фIыгъуэхэр

НэщIым фIыгъуэ куэд пылъщ, абы ехьэлIауэ хьэдис пэжхэр мымащIэу щыIэщ. Ахэр гупитI ипщIыкI хъунущ. Зым сыт хуэдэ нэщIми и фIыгъуэр къагъэлъагъуэ - ар ирефарз е иренафилэ (псапэ). Адрейр зыхуэгъэзар езы Рэмэдан мазэ дыдэрщ.

Псалъэм папщIэ, хьэдис щыIэщ, нэщIым къыпэкIуэну фIыгъуэу Алыхьым игъэхьэзырар зыхуэдэр и щхьэ течауэ къимыгъэлъэгъуауэ, нэщI зыIыгъым и псапэр апхуэдизкIэ иIэтащи. (Уеплъ хъунущ *«Щэхьихь аль-Бухъарий»).* Апхуэдэуи урохьэлIэ хьэдис, нэщIым хуэбгъэдэн щымыIэххэу (Iэн-НэсаIий); нэщI исым и духьэр жэуапыншэ мыхъуу *(аль-Бэйхэкъий);* нэщI исым гуфIэгъуитI иIэу: зыр - щыхэщхьэжым деж, етIуанэр - и Тхьэм IущIэжа нэужь *(Муслим);* нэщIыр цIыхум шэфэхьэт къыхуэхъужыну, Къемэт махуэм дежи мыпхуэдэу жиIэну: «Уа, си Тхьэ! Махуэм къриубыдэу шхынымрэ зэхъуапсэхэмрэ мыбы пэзубыдащи, шэфэхьэт сыхуэгъэхъу» *(Iэхьмэд);* «нэщI исым и Iум кърих мэр Алыхьым и дежкIэ мискым (дыхум я нэхъыфI дыдэм) и мэм нэхърэ нэхъ гурыхьу» *(Муслим);* нэщIыр цIыхум хъумакIуэ къыхуэхъуу, жыхьэнмэ мафIэм химыгъэхьэну быдапIэ быдэу къихухьу *(Iэхьмэд);* Алыхьым и гъуэгукIэ зы махуэ нэщIар, а махуэм и хьэтыркIэ, жыхьэнмэ мафIэм илъэс блыщIкIэ пэщIигъэкIуэтыну *(Муслим).*

Жэнэтым хэлъ бжэхэм ящыщ зым *«Рэйян»*-кIэ йоджэ. НэщI зыIыгъахэр абыкIэ щIыхьэнущ, абыхэм нэмыщI нэгъуэщI зыгуэри абы пхыкIыфынукъым. Яужь дыдэ итыр щIыхьа нэужь, ягъэбыдэжынурэ, а бжэмкIэ нэгъуэщI зыри щIыхьэжыфынукъым» *(Бухъарий).*

Рэмэдан мазэм унэщIыныр, япэрауэ, ислъам диным и зы пкъощ, и зы лъабжьэщ. ЕтIуанэрауэ, абы ирихьэлIэу КъурIэн лъапIэр къехащ. Ещанэрауэ, а мазэм зы жэщ хэтщ (Къэдэр жэщыр), мазэ мин нэхърэ нэхъыфIу. «Рэмэданыр къихьэмэ, жэнэтыбжэхэр къызэIуах, жыхьэнмэбжэхэр зэхуащI, шейтIанхэр Iэпхлъэпх ящI», - къыщокIуэ хьэдис пэжым *(Бухъарий).* «НэщI мазэм унэщIыныр мазипщI унэщIыным поув, абы хуэдэ мэхъу», жеIэ нэгъуэщI хьэдисми. *(Муснэд Iэхьмэд).* «Iиман бгъэдэлъу, Алыхьым и псапэми щыгугъыу, Рэмэданым нэщIам, и гуэныхь блэкIахэр къыхуагъэгъунущ», - къыдегъащIэ хъыбар лIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным *(Бухъарий).* «Хэщхьэжыгъуэ къэскIэ, Алыхь Иным (жыхьэнмэм) зы гуп къыхегъэкI» *(Муснэд Iэхьмэд).* Ари хьэдис лъапIэщ, Рэмэданым епхауэ.

### Сэбэпынагъыу къишэр

НэщIыр Алыхьым ди пщэм къыщIыдилъхьам Iущыгъэ куэд хэлъщ, сэбэпынагъыщхуэхэри иIэщ абы. КIэщIу, псори къызэщIиубыдэу, къапщтэмэ, цIыхум тхьэшынагъэ хэлъыр здынэсыр нэщIым наIуэ къещI. Абыи къыщынэркъым, тхьэшынагъэм хущIэкъуным хуегъасэ. Нэхъ гурыIуэгъуэ къэтщIынщ мы зи гугъу тщIыр:

1. «Алыхьыр згъэарэзынщ, и хьэзабми сыкъелынщ»,- жызыIэу, махуэ псом зи Iум шхын хьэлэл езымыгъэхыу нэщIым, хьэрэм зыхэлъ Iуэху илэжьыххэнукъым. Хьэлэлым зыщызыхъумэфым, хьэрэмыр дауэ зригъэкIуэлIэн?!

2. ЦIыхум и ныбэр нэщIмэ, и Iэпкълъэпкъ псори нэщIа мэхъу, хъуэпсэныгъэхэм я нэ къыхуимыкIыу. Ауэ и ныбэм щизым деж, и бзэгури, и нэри, и Iэри, и лъэри хьэрэмым хуолIэ, хуопабгъэ. Аращи, нэщIым шейтIан къарур иреудых, шэхьуэтыр (хьэрэмым гурыIупс къыхуеблыныр) егъэужьых, IэпкълъэпкъыкIэ къабзэу зэтреIыгъэ.

3. НэщI исым мэжэлIэныгъэм и гугъуехьыр зыхищIэмэ, тхьэмыщкIэхэм я псэукIэ хьэлъэр и нэгум къыщIоувэ, ар гурэ псэкIэ зыхищIэ мэхъури, гущIэгъу яхуещI, абы ипкъ иткIи, зыгуэркIэ якIэлъыIэбэну, яхуэупсэну яужь йохьэ.

4. И мурадыр зэтриухуэфу, зэхъуапсэхэм япэщIэтыфу, гуэныхьхэм запыIуидзыфу нэщIым цIыхур ирегъасэ. Дауи, нэщI зыIыгъыр езыр зонэкъуэкъуж, зэсауэ фIэфIхэр зрихьэлIэну хуимыдэу, и псэм йобэн.

5. НэщIым цIыхур хуегъэпсыхь хабзэ гуэрым теубыдауэ псэуфу, зэман пыухыкIам теплъэкъукI имыIэу тетыфу. Хабзэншэу, зэгъэзахуэ лъэпкъ ямыIэу теутIыпщхьауэ псэу куэдым хущхъуэгъуэ яхуэхъунут нэщIыр, къагурыIуэу щытамэ.

6. Муслъымэн псори зэрызэгъусэр, зэкъуэтыни зэрыхуейр нэщIым нэрылъагъуу къыхощ. Псалъэм и хьэтыркIэ, муслъымэн Iуммэт псор зы мазэм техуэу, зэуэ зэдонэщI, зэуэ нэщI зэдокIыж.

7. ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъхэмрэ ислъамым и къэкIуэнум гудзакъэ хузиIэхэмрэ зэман дэгъуэ ягъуэт Рэмэдан мазэм цIыхухэр диным къыхуагъэушыжыну. Зэрыбелджылыщи, мы мазэм цIыхухэм я гур мэжджытхэмкIэ нэхъ гъэза мэхъу. КъахокI абыхэм Тхьэм и унэм япэ дыдэ щIыхьи, куэд щIауэ мыкIуауэ, къэзыублэжи. ИкIи ахэр Рэмэданым деж мэжджытым зэрыщIыхьэхэр къызэрыгуэкI щIыхьэкIэкIэкъым, атIэ ягухэр нэхъ пцIанэ хъуауэ, я псэхэр нэхъ хьэлэлущ. Аращи, а зэманыр нэгъэсауэ къэгъэсэбэпыпхъэщ гумащIэ нэхъри узыщI уазхэмрэ гупсысэшхуэ зыхэлъ дерсхэмрэ захебгъэхыурэ... Мы IуэхумкIэ муслъымэн псори зэкъуэувэн хуейщ. ИтIанэщ абы кърикIуа IэужьыфIхэр наIуэ щыхъунур.

Диным къыхуезыджэу утыкум ит цIыху Iумахуэхэр псом хуэмыдэу мы зы Iуэхугъуэм - езыхэм я щхьэр зыщагъэгъупщэж зэрымыхъунум - теплъэкъукIынкIэ Iэмал иIэкъым. Къызыхураджэ IуэхугъуэмкIэ езыхэр псом япэ иту егъэлеяуэ зыхуэсакъыжын хуейщ. Армырамэ, кIэртIоф уэздыгъэм хуэдэу, нэгъуэщIхэм яхуэблэурэ, езыхэр щIэткIукIыныр бетэмалщ.

### НэщIыр мэкъутэ, мыбыхэм уахуэмысакъмэ

ЛIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ: «Гуэныхь зыпылъ къипсэлъынымрэ гуэныхь зыпылъ ищIэнымрэ цIыхум зэхимынэмэ - Алыхьыр хуэныкъуэкъым абы и шхэни, и (псы) ефэни къызэригъанэм» *(Бухъарий).*

ПцIы упсынми, цIыхум хуэпсэлъэнми, бзэгу зехьэнми, псалъэ фIей жыIэнми, нэгъуэщI мыхъумыщIэ псоми защидзеин хуейщ нэщI исым. Армырамэ, къинэщIар псори абы дэкIуэдыжынкIэ шынагъуэщ. «НэщI ис щыIэщ, зэрымэжалIэм фIэкIа нэгъуэщI абы къыхимыхауэ», - жиIащ Мухьэмэд бегъымбарым *(ибн Маждэ).*

Псапэхэр зыгъэкIуэдыжу, гуэныхькIэ цIыхур щIэзыгъанэхэм ящыщщ, «нэщIгъакIуэ» фIащауэ, телевизорым зэрыбгъэдэсыр, абы къит мыхъумыщIэхэм зэреплъыр, сериал фIейхэм, зэпеуэ купщIэншэхэм кIэлъыплъурэ зэманыр зэрагъэкIуэдыр, гъуэгущхьэм уэршэру зэрытесыр...

### Умыгубжь, хьэлыншэу ущымыт

Угубжьын, укIиин дэнэ къэна, апхуэдэу щыт гуэрым уIууамэ, нэщI узэрисыр хэIущIыIу къэпщIын хуейщ. «НэщI исым зыгуэр къезэуэну къыпэщIэувамэ е хъуэн зыхэлъ псалъэкIэ зыкъыпэщIисамэ, «Сэ нэщI сисщ, сэ нэщI сисщ», - жрыреIэ абы», - дегъэIущ Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысын бегъымбарым *(Бухъарий).* Къытригъэзэжурэ а псалъэхэр тIэу жиIэн щIыхуейр щIэныгъэлIхэм къалъытащ мыпхуэдэу: зымкIэ езым игу къегъэкIыж зыхэт Iуэхугъуэ лъапIэр, адреймкIэ зыкъыпэщIэзысам кърегъащIэ нэщIыр зищIысыр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ нэщI зыIыгъхэм къахокI нэщIыр зищIысымрэ, абыкIэ Алыхь Иным къыдгуригъэIуэну зыхуеймрэ емыгупсыс. ЦIыхур нэщI щисым и деж, зэи хуэмыдэжу, зиIыгъыжыпхъэщ. ТэмакъкIыхьу, дэчых жыхуаIэр ищIэу, зэпIэзэрыту ирихьэкIын хуейщ абы и махуэр, зэрыщыту нэщI мазэ псор.

### Псапэ къэлэжь

ЩIэныгъэкIэ, мылъкукIэ, къулыкъукIэ, къарукIэ, хьэл-щэн дахэкIэ, е нэгъуэщI гуэркIэ Алыхьыр къызыхуэупсам, ар къигъэсэбэпу псапэ къихьмэ, и насыпщ. Езы бегъымбар лъапIэр, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыныр, IуэхуфI лэжьынкIэ цIыхуу щыIэм я нэхъ жыджэру щытащ. Нэхъыбэ дыдэу абы гугъу зыщригъэхьыр Рэмэданырт, ДжэбрэIил мелыIычым щыхуэзэрт. Рэмэдан мазэм ирихьэлIэу, жэщ къэс лIыкIуэ лъапIэмрэ абырэ зэIущIэрти, КъурIэныр зэгъусэу щIаджыкIырт. «Жьы сэбэпым къызэдихь къулеигъэхэм ефIэкIыжу игъэбагъуэрт абы илэжь фIыгъуэшхуэхэр», - жаIэж ар зылъэгъуа цIыху щхьэ махуэхэм *(Бухъарий).*

Абы иужькIэ хьэдэгъуэдахэкъэ языныкъуэхэр, хьэлэлыным и пIэкIэ, нэщI мазэм нэпсеягъэм нэхъ зэрилъахъэр, Тхьэм нэхъ жыджэру хуэжыIэщIэным и пIэкIэ, щхьэхынагъэр къазэрытекIуэр? НэщIыр щхьэусыгъуэ зыщIу, лэжьапIэм е унагъуэм зи къалэн щызымыгъэзащIэхэр, зыщыщIезыгъэххэр щышынэн хуейщ хьэрэмыгъэм и гъуэгу цIантхъуэрыгъуэм зэрытехьэм.

### Щхьэусыгъуэншэу нэщI мазэм хэшхам гуэныхь ин дыдэ къехь

Бегъымбар лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, пщIыхьэпIэ илъэгъуам (бегъымбархэм я пщIыхьэпIэр нахуапIэм иту Алыхьым къажриIам хуэдэщ) мыпхуэдэу къыхощ:

... Бгыкум сыщынэсым, макъышхуэ гуэрхэр зэхэсхащ.

- Сыт мы макъхэр? - сыщIэупщIащ.

- Ар жыхьэнмэ Iыхьлыхэм я кIугъ макъщ, - къызжаIащ.

АдэкIэ срашэжьэжри, зы гуп саIууащ я лъэдийкмкIэ фIэщIахэу, я жьафэхэр хэтхъарэ лъыпсыр къажьэдэжу.

- Хэт мыхэр? - аргуэру сыщIэупщIащ.

- Хэщхьэжыгъуэр къэмысу хэщхьэжахэрщ, - къызатащ жэуап.

*(Мы хьэдисыр итщ аль-Мунзирий и «Щэхьихь Iэт-Тэргъиб» тхылъым).*

Iэз-Зэхьэбий щIэныгъэлIышхуэм, Алыхьыр гущIэгъукIэ зыхуэупсэным, жиIащ: «Муслъымэнхэм я деж гурыIуэгъуэу икIи зэхэгъэкIауэ щыщытщ, Рэмэдан мазэм нэщIыныр щхьэусыгъуэншэу IэщIыб зыщIыр зинэ зыщIэми, фадэм дишэхам нэхъри зэрынэхъ Iейр. Уеблэмэ апхуэдэм и муслъымэныгъэм шэч къытрахьэ, диныншэ, Iиманыншэ фэ ираплъ».

### Псапэшхуэщ нэщI исар хэбгъэщхьэжыну

Абы ехьэлIауэ жиIащ лIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным: «НэщIар хэзыгъэщхьэжым, абы и псапэм хуэдэ дыдэ къехь, ауэ щыхъукIи, нэщI зыIыгъам и псапэм зыри хэщIыркъым» *(Iэт-Тирмизий).* Ди япэ псэуа цIыхушхуэхэм, щIэныгъэлIхэм куэд къахэкIащ, езыхэм я щхьэр къагъанэрэ, тхьэмыщкIэхэр хагъэщхьэжу.

### Хэщхьэжыр умыгъэгувэ

ЛIыкIуэ лъапIэм, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэу, хъуэхъум я нэхъыфIыр зылъысыным, жиIащ: «ЦIыхухэм я Iуэхур фIыгъуэншэ хъунукъым я хэщхьэжыр ямыгъэгувэу екIуэкIыху» *(Бухъарий).* Узэрыхэщхьэжыну нэхъыфIыр, лIыкIуэ лъапIэр зэрыхэщхьэжу щытахэрщ: «Бегъымбарыр, (ахъшэм) нэмэзыр имыщI и пэ, хъурмэщIэ зыбжанэкIэ хэщхьэжу щытащ. Апхуэдэ имыIэмэ, хъурмэ гъуакIэ. Ари имыIэмэ, псы Iубыгъуэ зыбжанэкIэ» *(Iэт-Тирмизий).*

### Зэуэ куэд умышх

Губзыгъэр щIэшхэр псэун папщIэщ, ауэ языныкъуэхэр щIэпсэур шхэн щхьэкIэщ. «ФIыуэ машхэ, куэд ешх», жыпIэу узыщытхъун хуейр Iэщыращ, цIыхум и дежкIэ ар сэбэпкъым, атIэ щхъухьщ.

Зэи хуэмыдэжу, языныкъуэхэм нэщI мазэм я шхэбжэр ину зэIуахри, бэзэрым шхыныгъуэу телъыр къытращэхукI. Зэману абы ихьым ущIэмыупщIэххэ! Илъэс псом а зы мазэм фIэкIа нэщIыну цIыхум къыщыхуимыхуэкIэ, шхыным апхуэдиз зэман тримыгъэкIуадэу, нэщI мазэ лъапIэм псапэшхуэу къилэжьыфынухэм елIэлIамэ куэдкIэ нэхъыфIт.

Рэмэдан мазэм IэпкълъэпкъыР тыншыным, къабзэ хъуным, узыншагъэри ефIэкIуэным и пIэкIэ, шхын куэдым и зэран къекIауэ, шхалъэ узрэ кIуэцI узрэ хахауэ и кIэм нагъэс языныкъуэхэм. Зи ныбэр шхынкIэ фIыуэ зыкъуам, турыхь нэмэзри хуэщIыжыркъым, ищIыпэми, къытохьэлъэ.

«Андез тхуэIыгъкъым, нэмэзыр нэхъ кIэщIу дыгъэщI», жызыIэ языныкъуэхэм гукъанэ зыхуащIын хуейр нэмэзыр езыгъэщI Iимамыракъым, атIэ езыхэм я щхьэрщ. Абы и щхьэусыгъуэри шхэкIэ тэмэм зэрамыщIэрщ.

Аращи, Рэмэдан мазэ лъапIэр зыхуэгъэкъаруун муслъымэн псори Тхьэм дищI. Ди нэщIри нэмэзри Алыхьым къабылу тIих!

• Гъэсэныгъэ

## Адэ-анэр зыщыгуфIыкIар

УНАГЪУЭ гуэрым щIалэ жыIэщIэ цIыкIу къыщыхъурт, Ахьмэд и цIэу. Ар гъэсат, хьэлщэныфI зыхэлът, фIыуэ еджэрти, псоми фIыуэ къалъагъурт.

Ахьмэдхэ я унэр къалэкIэм хуэзэрт. Ар щеджэ школыр здэщыIэр къалапщэрати, абы автобускIэ махуэ къэс кIуэн, икIи къэкIуэжын хуей хъурт.

Зэгуэрым, пщэдджыжьышхэ ищIри, зэрихабзэу, еджапIэм кIуащ. АрщхьэкIэ, унэм къыщысыж зэманыр фIэкIами, къэкIуэжыртэкъым. Адэ-анэр, шэч хэмылъу, къэгузэващ. Ахьмэд зыцIыхухэм, щIалэ цIыкIум и ныбжьэгъухэм я деж телефонкIэ псэлъащ. Ауэ ар къыщIэгувэм и щхьэусыгъуэм зыри щымыгъуазэу къыщIэкIащ...

ИкIэм-икIэжым бжэм хэлъ уэзджынэр къэзури, щIалэ цIыкIур къыщIыхьэжащ, укIытауэ, и щхьэр ехьэхауэ. Абы зыхищIэрт фIыуэ къэзылъагъу и Iыхьлыхэр зэригъэгузэвар, гугъу зэрыригъэхьар.

- Дэнэ апхуэдизрэ уздэщыIар? - ткIийуэ къеупщIащ и адэр.

Ахьмэд къиIуэтэжащ еджапIэм игъуэу къызэрыщIэкIыжар. АрщхьэкIэ факъырэ фызыжь гуэр къыхуэзати, игу щIэгъури, и гъуэгупщIэ ахъшэ тIэкIур иритащ. Абы къыхэкIыу унэм лъэсу къэкIуэжын хуей хъуати, къэгуващ.

Адэ-анэм я гур псэхужащ. Ахэр зэхуэарэзыуэ зэплъыжри, я быным и хьэлэлагъым хуабжьу ирипэгащ.

«Алыхьым уигъэфIэжынщ - Ар фIы зыщIэхэм хьэлэлу яхуоупсэ. Сэри Iыхьэншэ усщIынкъым», - жиIащ щIалэ цIыкIум и адэм, и бохъшэр къызэтрихыурэ. Ауэ Ахьмэд идакъым абы ахъшэ къыIихын: «ФIыщIэ пхузощI, папэ. Псапэ къэзлэжьмэ нэхъыфIщ мы дунейм фIыгъуэу тетым нэхърэ», - жиIащ а цIыкIум, нэхъыбэжу и адэ-анэр арэзы къищIу.

• Мэжджыт цIэрыIуэхэр

## СулътIан щихъым и цIэкIэ



**Азие Курытым и мэжджыт нэхъ ин дыдэщ Къэзахъстаным и къалащхьэ Астана дэт «СулътIан Хьэзрэт» и цIэкIэ щыIэр.**

1997 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м щыщIэдзауэ Къэзахъстаным и къалащхьэр Астана (къэзахъыбзэкIэ «къалащхьэ» къикIыу аращ) ягъэIэпхъуащ. Абы иджыпсту цIыху мин 800-м нэблагъэ щопсэу. Апхуэдиз муслъымэн здэщыIэ къалэм, дауи, хуэфэщэн мэжджыт хуэныкъуэт. Абы и ухуэныгъэм 2009 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм щIадзащ. Къэзахъстаным и президент Назарбаев НурсултIан и жэрдэмкIэ, мэжджытыщIэм фIащащ «СулътIан Хьэзрэт» цIэр. Ар 1105 - 1166 гъэхэм Азие Курытым щыпсэуа, ислъам диныр жыджэру пхызыгъэкIа философ, усакIуэ Ясави Хьэжы Ахьмэд щихъыр зэрызэджэжу щыта цIэхэм ящыщ зыщ, «СулътIан щихъ» къикIыу аращ. Абы и мавзолейр иджыпстуи Туркестаным щыIэщ.

«СулътIан Хьэзрэт» и цIэр зезыхьэ мэжджытыр илъэсищым щIигъукIэ цIыху минхэм яухуащ. ГуфIэгъуэ щытыкIэм иту, ар 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м къызэIуахащ икIи Къэзахъстаным и къалащхьэм и мызакъуэу, Азие Курытыр зэрыщыту игъэдэхащ.

МэжджытыщIэм къэзахъ лъэпкъым игъащIэ лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ тхыпхъэщIыпхъэхэр къыщыгъэсэбэпащ. Ар здыIуащIыхьа Есиль псым къыщыбгъурытщ Мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ я уардэунэр.

«СулътIан Хьэзрэт» мэжджытым гектар 11 еубыд икIи цIыху минипщIым нэсым зэуэ нэмэз щащIыфынущ. Ар Къэзахъстаным щынэхъ уардэ дыдэщ (метр 51-рэ и лъагагъщ). Азэн джапIэм метр 77-кIэ зиIэтащ икIи МэккэкIэ гъэза мазэ ныкъуэ щыфIэдзащ.

Нэмэз щащIым къищынэмыщIауэ, мыбы нэчыхь щатх, щIэныгъэ-егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэр, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэкIуэкI. Ар нобэрей гъащIэм сыткIи хуэщIа мэжджыт екIущ.



• Фи лъэIукIэ

## Бадзэуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

| Махуэхэр | Пщэдджыжьыр | Дыгъэр къыщыщIэкIыр | Шэджагъуэр | Ичындыр | Ахъшэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, блыщхьэ | 3.58 | 5.28 | 13.20 | 17.26 | 20.50 | 22.30 |
| 2, гъубж | 3.58 | 5.28 | 13.20 | 17.26 | 20.50 | 22.30 |
| 3, бэрэжьей | 3.59 | 5.29 | 13.20 | 17.26 | 20.50 | 22.30 |
| 4, махуэку | 3.59 | 5.29 | 13.20 | 17.26 | 20.49 | 22.29 |
| 5, мэрем | 4.00 | 5.30 | 13.20 | 17.26 | 20.49 | 22.29 |
| 6, щэбэт | 4.01 | 5.31 | 13.21 | 17.26 | 20.49 | 22.29 |
| 7, тхьэмахуэ | 4.01 | 5.31 | 13.21 | 17.26 | 20.48 | 22.28 |
| 8, блыщхьэ | 4.02 | 5.32 | 13.21 | 17.26 | 20.48 | 22.28 |
| 9, гъубж | 4.03 | 5.33 | 13.21 | 17.26 | 20.48 | 22.28 |
| 10, бэрэжьей | 4.04 | 5.34 | 13.21 | 17.26 | 20.47 | 22.27 |
| 11, махуэку | 4.04 | 5.34 | 13.21 | 17.26 | 20.47 | 22.27 |
| 12, мэрем | 4.05 | 5.35 | 13.21 | 17.26 | 20.46 | 22.26 |
| 13, щэбэт | 4.06 | 5.36 | 13.22 | 17.26 | 20.46 | 22.26 |
| 14, тхьэмахуэ | 4.07 | 5.37 | 13.22 | 17.26 | 20.45 | 22.25 |
| 15, блыщхьэ | 4.08 | 5.38 | 13.22 | 17.26 | 20.44 | 22.24 |
| 16, гъубж | 4.08 | 5.38 | 13.22 | 17.26 | 20.44 | 22.24 |
| 17, бэрэжьей | 4.09 | 5.39 | 13.22 | 17.26 | 20.43 | 22.23 |
| 18, махуэку | 4.10 | 5.40 | 13.22 | 17.26 | 20.42 | 22.22 |
| 19, мэрем | 4.11 | 5.41 | 13.22 | 17.25 | 20.41 | 22.21 |
| 20, щэбэт | 4.12 | 5.42 | 13.22 | 17.25 | 20.41 | 22.21 |
| 21, тхьэмахуэ | 4.13 | 5.43 | 13.22 | 17.25 | 20.40 | 22.20 |
| 22, блыщхьэ | 4.14 | 5.44 | 13.22 | 17.25 | 20.39 | 22.19 |
| 23, гъубж | 4.15 | 5.45 | 13.22 | 17.25 | 20.38 | 22.18 |
| 24, бэрэжьей | 4.16 | 5.46 | 13.22 | 17.24 | 20.37 | 22.17 |
| 25, махуэку | 4.17 | 5.47 | 13.22 | 17.24 | 20.36 | 22.16 |
| 26, мэрем | 4.18 | 5.48 | 13.22 | 17.24 | 20.35 | 22.15 |
| 27, щэбэт | 4.19 | 5.49 | 13.22 | 17.23 | 20.34 | 22.14 |
| 28, тхьэмахуэ | 4.20 | 5.50 | 13.22 | 17.23 | 20.33 | 22.13 |
| 29, блыщхьэ | 4.21 | 5.51 | 13.22 | 17.23 | 20.32 | 22.12 |
| 30, гъубж | 4.22 | 5.52 | 13.22 | 17.22 | 20.31 | 22.11 |
| 31, бэрэжьей | 4.23 | 5.53 | 13.22 | 17.22 | 20.30 | 22.10 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.*

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.





● Гъуазджэ

# Уахътыншэ дахагъэ

**Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIа пшыхьыр щIэщыгъуэт икIи гукъинэжт. Абы утыку къыщрахьащ дэрбзэр, сурэтыщI-модельер, республикэм и гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа Шортэн Мадинэ и лэжьыгъэхэр.**

ШОРТЭН Мадинэ щыгъын игъэлъагъуэу япэу утыку щихьам и ныбжьыр илъэсиплI къудейт зэрыхъур. Сабийуэ дэрбзэр IэщIагъэм дихьэха хъыджэбз цIыкIур илъэсипщI щыхъуам бостей зыхуидыжыфырт. Мадинэ къыхихыну IэщIагъэм зэи егупсысакъым, и анэ Светэ дэрбзэр, сурэтыщI-модельер Iэзэти. Абы и адэшхуэ, тхакIуэ, этнограф Шортэн Аскэрбийт къыхэзылъхьар ДахагъэмкIэ лъэпкъ театр къызэрагъэпэщыну. IуэхущIапIэр къызэIуаха нэужь, Мадинэ и лэжьыгъэм щIэгуэр щыхилъхьэкIэ ар адэшхуэм къызэрыщыхъунум егупсыст. Сабий щыгъынхэр зыд и гъэсэнхэм дэрбзэр IэкIуэлъакIуэр щадэIэпыкъукIэ, абы я ныбжьым езыр щитар зэпымыуэу игу къэкIыжт. Къыхэгъэщыпхъэщ, Мадинэ и лэжыгъэр и гъэсэнхэм я адэанэхэмрэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ къыдаIыгъыу зэрыщытар.

ЩIэныгъэмрэ IэпщIэлъапщIагъэмкIэ еджакIуэхэм я республикэ центрым и унафэщIым и къуэдзэ **Мер Людмилэ** псалъэ щратым, зи псэугъуэ Шортэн Мадинэ пасэу дунейм зэрехыжар къыдэлэжьа псоми гущIыхьэ зэращыхъуамкIэ къыщIидзащ.

- Мадинэ и гъащIэр, и лэжьыгъэр зытеухуауэ щытар республикэм и лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьынырщ. Дэрбзэр



IэкIуэлъакIуэм гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэмрэ къигъэщIа дахагъэмрэ гъунэ иIэкъым. Аращ Мадинэ и IэдакъэщIэкI телъыджэхэмрэ и IуэхущIафэхэмрэ щыгъуазэ дэтхэнэри дыщIригушхуэр. И анэ Светланэ Мадинэ и лэжьыгъэм пещэри, республикэм исхэр и IэщIагъэм щыгуфIыкIыу, лъэпкъ гъуазджэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуищIу, иригъэфIакIуэу и лэжьыгъэм пэрытыну, узыншагъэ, ехъулIэныгъэ, насып иIэну ди гуапэщ, - жиIащ абы.

- Мы зэхуэсыр зытеухуа Шортэн Мадинэ илъэс 17-м и кIуэцIкIэ бгырыс цIыхубзым и образ ухуэным телэжьащ. КъыжыIапхъэщ, республикэм ДахагъэмкIэ лъэпкъ театр къыщызэгъэпэщыным зи гуащIэ хэзылъхьа бзылъхугъэхэм ар зэращыщыр. Абы и лэжьыгъэм и пщIэр мызэ-мытIэу къыщалъытащ «Золотая игла», «Русский силуэт» урысейпсо зэпеуэхэм. Мадинэ и гъусэу щыгъын телъыджэхэр къэзыгъэщIа и лэжьэгъухэмрэ и гъэсэнхэмрэ абы иIа зэфIэкIымрэ бгъэдэлъа зэчиймрэ щIэблэм я деж зэрынахьэсынур, къигъэщIа дахагъэр зэрахъумэнур быдэу си фIэщ мэхъу. Мадинэ дэ зэи тщыгъупщэнукъым, - жиIащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Канунниковэ Татьянэ**. - Гъуазджэр, дахагъэр - уахътыншэщ. Мы зэхыхьэм кърихьэлIахэм республикэм и щэнхабзэр, гъуазджэр фIыуэ зэралъагъум, абы зиужьмэ зэрагуапэм шэч къытесхьэркъым.

Я IуэхущIапIэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъыр Канунниковэ Татьянэ Шортэн Светланэ иритащ, и зэфIэкIымрэ ехъулIэныгъэмрэ я щыхьэту.

Хъыджэбзхэм утыкум щагъэлъэгъуа бостейхэр нэр игъэгуфIэу дахэ защIэт. Щыгъынхэр зыгъэлъагъуэ цIыхубз цIыкIухэм адыгэ макъамэм щIэту фэилъхьэгъуэхэр екIуу утыку къызэрырахьэм, уардэу зэрызаIыгъым куэд елъытат. «Авангард», «Грация», «Черкешенка-1», «Черкешенка-2», «Вдохновение» зыфIаща бостейхэр щIэщыгъуэт. Абыхэм яхэтт махуэ къэс щыптIагъэ хъунухэри пшыхьхэм узэрыкIуэну фэилъхьэгъуэхэри. Псом хуэмыдэу удэзыхьэхыр лъэпкъ фащэхэрат. Къэбгъэлъагъуэмэ, зэхыхьэм зрезыгъэхьэлIа хъыджэбзхэр нэхъри зыщыгуфIыкIар, хьэгъуэлIыгъуэм узэрыхэт хъуну фащэхэм къадэкIуэу, зи кIыхьагъыр лъэгуажьэм фIэкI, махуэ къэс лэжьапIэ узэрыкIуэ хъун, дыщэ, дыжьын Iуданэхэмкiэ хэдыкIа бостейхэри зэрадырт.

ДахагъэмкIэ лъэпкъ театрым и «Налкъутналмэс» школым и гъэсэн ныбжьыщIэхэм ягъэлъэгъуа «Ритмы гор», «Юбилейная», «Горные капельки», «Дахэнагъуэ» сабий щыгъынхэри щIэщыгъуэт. Къыхэгъэщыпхъэщ, модельер цIэрыIуэ, сурэтыщI, график Зайцев Владислав и щIыхькIэ къызэрагъэпэща «Золотая игла-2013» урысейпсо зэпеуэм мы ныбжьыщIэхэм щагъэлъэгъуа «Юбилейная» щыгъынхэм етIуанэ увыпIэмрэ щIыхь тхылъымрэ къызэрыщыхуагъэфэщар.

Пшыхьыр ягъэдэхащ УФ-м щапхъэу къыщалъыта «Зори Кавказа» сабий ансамблым, Налшык къалэм ГъуазджэхэмкIэ и сабий школыр къэзыуха Шэду Лауритэ, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым щеджэхэу Лыхь Каринэ, Мамбэт Дианэ, Урысмамбэт Раситэ, ДыщэкI ФатIимэ, нэгъуэщIхэми.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр*
**ЕЛЪКЪАН Артур**
*трихащ.*



● Фэеплъ

# Iэпщэ Александр футболист къудейтэкъым

**СССР-м спортымкIэ и мастер Iэпщэ Александр и 15-нэ фэеплъ турнир иджыблагъэ зэхэтащ. Илъэс къэс ирагъэкIуэкI а зэхьэзэхуэм къокIуалIэ Владикавказ, Черкесск, Мэхъэчкъалэ, Нэзран къалэхэм, Волгоград, Ростов областхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Абхъазым, Куржым щыщ командэхэр.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къыщызэIуахым ирихьэлIэу, Налшык и Сабий стадионым щрагъэкIуэкIащ Iэпщэ Александр и гъащIэ гъуэгуанэм ущызыгъэгъуазэ зэIущIэ. Александр 1939 гъэм Бахъсэн куейм хыхьэ Къызбрун I-нэ къуажэм къыщалъхуащ. 1959 гъэм ар хагъэхьащ Налшык и «Спартак» командэм. Илъэсищ дэкIри, адыгэ щIалэр Москва и «Динамо»-м яшэри ирагъэблэгъащ. ИужькIэ, Тбилиси и «Динамо»-м абы хэту СССР-м и чемпион хъуащ. Мыгувэу Iэпщэм Налшык и «Спартак»-м къигъэзэжащ икIи РСФСР-м и чемпионым и дыщэ медалыр къихьащ.

Александр и гуащIэ хэлъу, 1974 гъэм Налшык къыщызэIуахащ футболымкIэ Сабий-ныбжьыщIэ спорт школ. 1980 - 1982 гъэхэм ар «Спартак» футбол командэм и тренер нэхъыщхьэу щытащ. 2000 гъэм Сабий-ныбжьыщIэ спорт школым Iэпщэ Александр и цIэр хуэфащэу фIащыжащ. А школым сыт щыгъуи зэфIэкI лъагэхэр къегъэлъагъуэ. Абы зыщагъэсащ футболист цIэрыIуэ куэдым. Апхуэдэхэщ, Урысеймрэ Куржымрэ я чемпион Хьэпэ Заур, гъуащхьэтет Биджий Хьэсэнбий, Алшагъыр Алий, Заруцкий Александр, Дзэмыхь Анзор, Саркисян Альберт, Чихрадзе Александр, Деменкэ Константин, Нэхущ Къазбэч, Морсков Андрей, Олейников Александр, КIурашын Олег, МытIрыш Мухьэмэд, Болэ Руслан сымэ, нэгъуэщIхэри. А школым зыщигъэсащ «Спартак-Налшык», «Локомотив» (Москва), «Анжи» (Мэхъэчкъалэ), «Кубань» (Краснодар) командэхэм я тренеру щыта, иджы Грознэм и «Терек» футбол клубым и тренер нэхъыщхьэ Красножан Юрий.

Футболист цIэрыIуэр ягу къагъэкIыжащ, хьэл-щэн хьэлэмэт хэлъахэм, IуэхущIафэ зэрихьахэм тепсэлъыхьащ. Зи лэжьыгъэм хьэлэлу пэрыта, IэфIагъырэ Iущыгъэрэ гъащIэм хэзылъхьэфа цIыхум утепсэлъыхьыну тыншщ. Дэтхэнэми Iэпщэ Александр теухуа хъыбар гуапэ ищIэрт, ахэр иригушхуэхэрт апхуэдэ цIыху щыпкъэ зэрацIыхуам.



*Сурэтыр* **ХОЛЛАЕВЭ Марзият** *трихащ.*

Псалъэмакъым къыщIидзащ КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министрым и къуэдзэ Двуреченский Анатолий.

- СэркIэ пщIэщ Iэпщэ Александр теухуа зэIущIэр къызэIусхыныр. БлэкIам щIыхь хуащIкIэрэщ къэкIуэнур зэраухуэр. Нобэ дыкъыщIызэхуэса щIалэм и гуащIэшхуэ хэлъщ топджэгум игъуэта зыужьыныгъэм. Ар и IэщIагъэм къыхуигъэщIат. Къэралым и футболым лъагэу щыIэтащ Александр и цIэр. Спорт гъащIэм абы щиубыд увыпIэр тлъытапхъэщ.

Лъэпкъым къыбгъэдэкIыу зэIущIэм къеблэгъахэм фIыщIэ яхуищIащ Iэпщэ Хьэсэн.

Iэпщэ Александр и цIэр зезыхьэ Сабий-ныбжьыщIэ спорт школ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщI Чэрим Олег псалъэмакъым къыпищащ.

- Александр и цIыхугъэу щытахэм, футболым хуищIа хэлъхьэныгъэм щыгъуазэхэм сыт щыгъуи къыддаIыгъщ абы теухуауэ къызэдгъэпэщ дэтхэнэ Iуэхугъуэри. Ди хьэщIэщ Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ-Аланием къикIахэри. Дэтхэнэми и чэнджэщ дыхуэныкъуэщ нобэ. Илъэс къакIуэ турнирыр зэрыдубзыхунур абыхэм елъыташ: щIэуэ къэдгупсысынуIами, зэхъуэкIыныгъэ хэтлъхьэнуми. Iэпщэ Александр и фэеплъ зэхьэзэхуэр щхьэпэщ. Футболым дихьэх ныбжьыщIэхэм ягурыгъэIуэн хуейщ зи IэщIагъэм псэкIэ бгъэдэта, спорт гъащIэм щIэщыгъуагъ хэзылъхьэу щыта цIыху гуапэ дызэриIар. Ар ди гум илъынущ и цIыхугъэ лъагэр, и хьэл-щэн телъыджэр ди щапхъэу.

- Срогушхуэ си гъащIэ гъуэгум Iэпщэ Александр сызэрыщыхуэзам. Абы и гъусэу футболым дызэрыхэтар, джэгугъуэ къэс къыхэтхыу щыта дэрэжэгъуэ ин дыдэр IэфIу си гум илъщ, - жиIащ футболымкIэ тренер, КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Понамарёв Сергей.

- Ныбжьэгъугъэм сыт щыгъуи Iэпщэ Александр и гур хузэIухат, цIыхугъэ лъагэ хэлът. И нэIэ щIэт сабийхэм щхьэкIэ сытри хуэщIэнут. ЩIэблэм ябгъэдилъхьэн иIэт. Нобэ дыхуэныкъуэщ ди ныбжьэгъум. Мы турнирыр абы и фэеплъ гуапэщи, ар нэхъри зэпэщ зэрытщIынум дыхущIэвгъэкъу, - жиIащ КъБАССР-м и Къэрал спорткомитетым и унафэщIу щыта Белгъэрокъуэ Хьэжсет.

- Александр футболист къудейтэкъым, атIэ спортсмен цIэрыIуэт. Псом хуэмыдэу фIыщэу илъагъурт Сабий стадионыр. Абы къыщыкI дэтхэнэ удзыпэ цIыкIури и нэIуасэт абы. Ар цIыхупсэм и къабзагъым и нэщэнэщ, - Iэпщэ Александр сытми игъэпIейтейуэ зэрыщытар къыхигъэщащ атлетикэ псынщIэмкIэ Сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и тренер Миновский Владимир.

ГуапагъэкIэ псыхьат зэIущIэр. ЗэIэпахыу яIуатэрт Iэпщэ Александр теухуа хъыбархэр. АпщIондэхуи, дэтхэнэми гур къызыгъэпIейтеикI нэжэгужагъэ къызэрыхыхьэр плъагъурт. КIуэаракъэ, езыр къахэсу, къадэуэршэру къыпщыхъурт.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

● Щхьэзакъуэрыбанэ зэхэт

# Сыт бгыхэм щекIуэкIыр?

**Ингушым и «Эгикал» комплексым щхьэзакъуэрыбанэ зэхэтымкIэ «Бгыхэм щекIуэкI бэнэкIэ» M-1 Challenge зэпеуэ илъэс етIуанэ хъуауэ къыщызэрагъэпэщ.**

ЗЭПЕУЭР къыщIадзащ Ингушым щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм къызэрагъэпэща концертымкIэ. ИтIанэ бэнэныр яублащ.

Утыкум япэу къихьащ Хъусин Русланрэ, «Fighting Eagle» клубым щыщ Фомин Иванрэ. Ди спортсменым хьэрхуэрэгъу лъэщ дыдэ къыпэщIэхуа пэтми, бжьыпэр иубыдын лъэкIащ.

Хъусин Руслан Куба къуажэм къыщалъхуащ, ар и гъэсэнщ тренер Мамхэгъ Iэдэм. ТекIуэныгъэ къэзыхьэхуа щIалэр Урысейм спортымкIэ и мастерщ, 2011 гъэм ныбжьыщIэхэм я деж пашэныгъэ къыщыхьынымкIэ екIуэкIа къэрал зэхьэзэхуэм щытекIуащ, УФ-м и Кубокым жэз медалыр къыщихьащ.

«Хъусин Руслан IэкIуэлъэкIуагъэрэ зэфIэкI лъагэрэ къигъэлъэгъуащ. Абы и ерыщагъым, текIуэныгъэм зэрыхуэпабгъэм гугъэ уагъэщI республикэм и щIыхьыр нэхъри лъагэу иIэтыну, абы хуэдэ щIалэгъуалэ зэрыдиIэми дрогушхуэ», - жиIащ зэпеуэм кIэлъыплъа КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн.

Багъ Олег и япэ зэIущIэм Болгарием и лIыкIуэ Стоянов Георгий бжыгъэр 10:8-уэ хигъэщIащ. АрщхьэкIэ и Iэпкълъэпкъым игъуэтауэ щыта фэбжьым адэкIэ зэпеуэм пищэну Iэмал къритакъым.

**ГЪЭУНЭ Светланэ,**
*КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.*

● ХъыбарегъащIэ

# Iуэху зэдащIэн папщIэ

**КъБР-м ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм хъыбар фегъащIэ мэкъуауэгъуэм и 25 - 30-хэм Налшык и Къэбэрдей уэрам, 17-м «Периметр» зыфIаща Iуэху зэрыщекIуэкIынумкIэ.**

АР КЪЫЗЭЗЫГЪЭПЭЩХЭМ зэрыжаIэмкIэ, Iуэхур зытещIыхьар щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, акъыл жан зиIэ щIалэгъуалэр хьэрычэт Iуэхум хэтхэм япыщIэнырщ, къалэм зезыгъэужьыну проект зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпу зэдэлэжьэнырщ.

Мы Iуэхур къызэрегъэпэщ «Столком» творческэ лъэщапIэм, «Дахэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ Налшык щIыпIэ администрацэмрэ и дэIэпыкъуэгъуу. Махуэ зыбжанэм къриубыдэу зэIущIэхэр, мастер-классхэр, литературэ пшыхьхэр ирагъэкIуэкIынущ, кино ягъэлъэгъуэнущ.

Iуэхум нэхъ кууэ зыщыщывгъэгъуазэ хъунущ «Вконтакте» социальнэ сайтым и гуп щхьэхуэм деж (https://vk.com/club 53824448).

КъБР-м ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым я лэжьакIуэхэр **ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ ГъукIакъуэ Людмилэрэ** яхуогузавэ **Дадэ Риммэ Натрыб и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

● Зэхьэзэхуэхэр

# «Мисс УИС» цIэр зыфIаща Хьэткъуэр

**Урысейм ФСИН-м и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэ Хьэткъуэ Регинэ мэкъуауэгъуэм и 6 - 15-хэм Екатеринбург щекIуэкIа «МИСС УИС» IV урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтащ. Абы щызэпеуащ къэралым и щIыналъэхэм я уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэ 20.**



ПЩАЩЭХЭР хэтащ зэпеуэ гъэщIэгъуэнхэм: километр гъуэгуанэ къэжэным, Макаровым и кIэрахъуэкIэ уэным, псым есыным, уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и мардэхэр зэращIэр къызэрапщытэ тестхэр гъэзэщIэным. Конкурсыр лIэужьыгъуэ зыбжанэу зэщхьэщыкIырт: «Урысейм щынэхъ дахэ», «IэщIагъэм хуэфащэ», «УИС кино», «Бзылъхугъэ - Тхьэпэлъытэ».

Псом нэхърэ нэхъ щIэщыгъуэу, удэзыхьэхыу екIуэкIащ хъыджэбзхэм я творчествэ гъэлъэгъуэныгъэмрэ «УИС кино» лIэужьыгъуэмрэ. Дэтхэнэми и зэфIэкI игъэлъэгъуэну Iэмал къыхузэрагъэпэщырт. Нэхъыщхьэр IэщIагъэм тегъэщIэнырти, дэтхэнэми хуэфащэу зыкъызэкъуихащ.

Жюрим и саугъэт щхьэхуэ Хьэткъуэ Регинэ къыхуагъэфэщащ. Ар ди пщащэм кърита УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт Новорок Богдан.

- «Зэхьэзэхуэр сэбэп къысхуэхъуащ си зэфIэкIхэр къэспщытэжынымкIэ. IэщIагъэм зыщызужьынымкIи ар щапхъэщ. ФIыщIэ ин яхузощI къызэгъэпэщакIуэхэм. Екатеренбург сызэрыщыIа махуэхэр гуапэу си гум къинэнущ»,- къыджиIащ Регинэ.

**ЗЭБАР Мадинэ,**
*КъБР-мкIэ УФСИН-м и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.*



# ИлъэситIым нэблагъэ къехь

● Наркотикхэр

**Илъэс 33-рэ зи ныбжь налшыкдэс Снегинэ Софие наркоегъэзыпIэ зэригъэлажьэм къыхэкIыу ягъэкъуаншэ.**

НАЛШЫК къалэ судым зэриубзыхуамкIэ, Снегинэр Ашуровым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет фэтэрым щыпсэууэ, 2012 гъэм и жэпуэгъуэм щыщIэдзауэ 2013 гъэм и мазае пщIондэ абы и деж къекIуэлIащ наркотик зыгъэхьэзырыну, ар зэзыхьэлIэну хущIэкъухэр. Абы пэкIуэу езыми зэ зэхьэлIэгъуэ къылъысырт.

Республикэм и наркополицейхэм цIыху гупым а фэтэрым тIэунейрэ наркотик щагъэхьэзырауэ икIи щызрахьэлIауэ, игъэкIын мурад имыIэу наркощхъухь щахъумэу къыщIагъэщащ.

Снегинэм нэхъапэми наркотикым ехьэлIауэ тIэу суд тращIыхьауэ щытащ, щыпсэу щIыпIэми абы фIы щыхужаIэркъым. Судым ар щытыкIэр хьэлъэ зыщIу игъэуващ.

Iуэхур зыгъэщабэ лъэныкъуэу къалъытащ зэрыкъуаншэмкIэ зэрызиумысыжар, сабий цIыкIу зэриIэр, зэрыуэндэгъур. А псоми къадэкIуэу, ягъэкъуаншэм и пщэ къыдэхуэ анэ къалэнхэр тэмэму игъэзэщIауэ иубзыхуакъым.

ЩытыкIэ псори къалъытэри, Снегинэ Софие тезырхэр щагъэзэкIуэж колонием зы илъэсрэ мази 10-рэ щигъэкIуэну тралъхьащ. А унафэр гъэзэщIэныр 2014 гъэ пщIондэ, и къуэр илъэс 14 ирикъуху, ягъэIэпхъуащ.

***УФ-м Наркотикхэм кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.***


**Редактор нэхъыщхьэ**
**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр**



**«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.**

**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ебгъуанэ, епщIанэ къат.**

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.**

**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.**

**Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.**

**Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.**

**Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.**

**Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.**

**«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.**
**КъБР, Налшык къалэ,**
**Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.**

***Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:*** **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору НэщIэпыджэ Замирэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(3, 4, 6-нэ нап.)*, **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 5-нэ нап.)*, **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ.** ***КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ*** **Ныр Саидэ,** ***сурэтхэм елэжьар*** **Бицу Жаннэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 5.220 ● Заказ №1633**